# МагIаҏулай

Хъизаналъго цIализе журнал

№ 4 / 2025

**Маданият**

*Иццул бацIцIалъиги тIогьол цIилъиги...*

**Халкъияб кверзул гьунар**

*ТIанса-салмагалъул сси бугел ясал...*

**Хъизаналъул гIаммаб иш**

*ТIабигIатги, хIалхьиги, рахIатги...*

**Инсан ва гьесул хIалтIи**

*ТIехь букIине буго*



## Аминат ГIабдурахIманова

*Дица гуреб батани, лъица?*

«Женщина Дагестана»
*на аварском языке*
№ 4/2025
***Учредитель:***
Агентство информации и печати
Республики Дагестан
***Главный редактор***
Х. А. Шамилова j-dag@mail.ru
***Редакционная коллегия:***
***заместитель главного редактора***
С. Х. Булгаева sulgi65@mail.ru
***Ответственный секретарь***
Н. М. Керимова kerimk@mail.ru
***Редактор русского выпуска***
Г. Х. Асадулаева musaeva_gulnara@mail.ru
***Редактор аварского выпуска***
Б. Ш. Мухидинова bahu4y@mail.ru
***Редактор даргинского выпуска***
П. Г. Вагидова vagidova.2024@mail.ru
***Редактор кумыкского выпуска***
П. Х. Хайбуллаева bike-1970@mail.ru
***Редактор лакского выпуска***
А. Ю. Абдурахманова delia25@mail.ru
***Редактор лезгинского выпуска***
Н. Н. Ибрагимова shikhnabieva1981@mail.ru
***Редактор табасаранского выпуска***
С. М. Исрафилова suvaynat@mail.ru
***Корреспонденты:***
А. Тажудинова
В. Ратенкова
Р. Бакидов
***Заведующая редакцией***
С. М. Гамзатова
***Художественный редактор***
Г. А. Курбан-Адамова guleymat@mail.ru
***Адрес редакции и издателя:***
367018, Республика Дагестан,
г. Махачкала, пр-т Насрутдинова, 1а.
j-dag@mail.ru; zhenshina_dag@e-dag.ru
Журнал отпечатан в типографии:
ГАУ РД Издательский дом «Дагестан».
г. Махачкала, пр-т Насрутдинова, 1а.
***Телефоны редакции:***
65-00-36, 65-00-37, 65-00-39, 65-00-40.
Официальный сайт
журнала «Женщина Дагестана»:
женщинадагестана.рф
Дата выхода в свет 25.08.2025 г.
Формат бумаги 70 х 100 1/16.
Объем: 5,5 усл. печ. л.
Заказ № 0703. Тираж (2969) 530 экз.
Журнал для семейного чтения. Издается с 1957 г.
Выходит на аварском, даргинском, кумыкском, лакском, лезгинском, русском, табасаранском языках один раз в два месяца.
Свидетельство о регистрации СМИ ПИ № ТУ05–00429 выдано Управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан.

***Арт-директор*** – М. Ю. Моллакаев (MagHazar)

# *Журналалда руго*

1. Редакторасул калам
***ЛъикI щварал!***

2. Инсан
***Дица гуреб батани, лъица?***

6. Лъималазе
***Булбул***

11. АхIана нужей кечI керенги рагьун…
***Нуж лъазегIан дир гIумру…***

12. Маданият
***Ицц**ул бац**IцIалъиги тIогьол цIилъиги…***

16. Литературияб гьумер
***Берлиналда их***

21. Доба-гьаниб рагIараб
***Азбар лъухъулев вукIинаан***

22. Халкъияб кверзул гьунар
***ТIанса-салмагалъул сси бугел ясал…***

26. Хъизаналъул гIаммаб иш
***ТIабигIатги, хIалхьиги, рахIатги…***

30. Инсан ва гьесул хIалтIи
***ТIехь букIине буго***

34 Бокьила лъазе
***Гъизляр***

37. Ясазул годекIан
***ГIакъиллъиги цIодорлъиги…***

38. Заманцояй
***ЧIужугIадан – мугIрузул ракI!***

42. Лъайкьей
***Рахьдал мацIалъул мугIалим***

46. Туристалги нилъги
***Дагъистаналъул мугIрузда туристал…***

49. КIудияб Бергьенлъиялъе 80 сон!
***БахIарчиял руччабазде***

50. ГIелму
***«ВатIаналъул гьотIол гьитIинаб гIаркьел…»***

54. Юбилей
***Иннокентий Смоктуновский МахIачхъалаялда***

***POST scriptum***

57. ***Лев Дуров. Не обижайте детей!***

58. ***«Горянка» – это не про права. Это про достоинство***

62. Литературная страница
***Фёдор Достоевский. Алей***

На обложках:
I – Аминат Абдурахманова, руководитель ДРОО «Птица Феникс»
IV – Фото Камиля Чутуева



# ЛъикI щварал!

Нилъеда кидаго лъалаан Дагъистан жиндирго гIемерал халкъаздалъун, мацIаздалъун, маданияталдалъун гуребги, берцинаб тIабигIаталдалъунги бечедаб букIин. Гьеле гьеб Алжаналъул бокIон гIадинаб бакIалда гIумру гьабун рукIаниги, нилъеда гьеб бихьулебго букIинчIо. Амма тIаде гьулчун бачIараб туристазул карачелалъ берцинго ракIалде щвезабуна дунялалъе Дагъистанги, Дагъистаналъе дунялги хIажат рукIин. Гьеб цIакъ лъикIги буго. Квешал рахъалги рукIинарищха, амма рачIа киналъулго тартибалда бицине.

Туризмалъул хIакъалъулъ редакторасул калам хъвалалде цебе дунги пишацояйги, цо къоялъул турги босун, Дагъистаналда тира-сверана. Нижеца тIаса рищана гьадинал бакIал: Сулахъалъул къварилъи, «Нохъо» ва «Главрыба».

Валлагь, гьудулзаби, нуж туристазе, хъулухъ гьабулел ругилан ратани, гьезул интересал, гьезие бокьулеб, хIажатаб хIисабалде босун хIалтIизе ккела.

ТIоцебе нижее рекIее гIечIеб жолъун лъугьана гъукъаралъул бицунеб лекция. Гьединаб дандчIвай букIине бегьилищ? Нилъ гьалбал рокьулел, гьел къабул гьаризе лъалелиланги ругелъул, гьезул рекIеда хъатIиларедухъ букIине ккела бицунебги гьабулебги. Гьеб гуребги, Дагъистаналда туристазе гьабулеб хъулухъалда тIад хIалтIизе кколел бакIал гIемерал руго! Лъай гьечIел ва тарбия щвечIел гидал. Нилъеца тIаде босун батани нилъер бакIалде гьалбал ахIизе, гьабе хъулухъ гьел разиго хутIуледухъ, профессионалаз гIадин. Туристазе хIинкъигьечIолъиги букIине ккела тIоцебесеб бакIалда. Жидерго ишал тIуразегIан ралагьун чIезарун, туристазул планал хвезаризе бегьиларо. Гьел жидер пикруялда нахърилълъинаризе, жидер малъиялда гъоркь чIезаризе лъугьине бегьиларо. Нилъ, гIарацги босун, туристазе хъулухъ гьабулел ратани, гьел сунда хадур, щиб бихьизе бокьун Дагъистаналде рачIун ругелали хIисабалде босизе ккела.

Кин бугониги, рачIа киналго Дагъистаналде! Нижги бокьараб гьабун бажарулел сихIручагIи гуреллъидал, ниж руго гьанжего гьанже туризмалъул индустриялде гъорлъе лъугьунел ругел цIиял чагIи!

Хамис Шамилова,
*бетIерай редактор*



Аминат
ГIабдурахIманова

# Дица гуреб батани, лъица?

***Щаклъи гьечIого, гьай рикIкIине бегьула дол къанагIатал альтруистазда гьоркьой канлъи баканиги ятулорейлъун. Йохъ, гьей волонтер гуро, гьей йиго нилъер дунялалъул торгIо бацIцIадго ва гIумру гьабизе бегьулеблъун букIиналъе гIоло къеркьолей гIадан. Экологиялъул балагь бахунеб буго божизе захIматаб бакIалде: пластикалъул рищни-къулалъ, нарталъ ва нартил лъугьарал жалаз чорок гьарурал океанал, цIа ккун рухIарал ва гIакълу гьечIого хIалтIизарулел рохьал... Гьединаб ахIвал-хIалалъ ракIунтарай гьелъ, жиндирго пикруцоялгун цадахъ, «Феникс хIинчI» ДРОО гIуцIиялъе кьучI лъуна.***
***Феникс хIинчI... Рохъдодаса цIилъараб... Ракьалда бугебщинаб жоялъе гIумру цIилъизабулеб...***

### *Янгъизлъиялдаса хIинкъуге*

Гьеб кинабгго хадуб букIана. Цебе къисматалда гьединал кьучIал хиса-басиял рукIинилан кколебго букIинчIо.

– Инсанасул кидаго букIуна гIумрудул нух тIаса бищизе ихтияр, гьесда кIола гьелдаса пайда босизе, жиндирго яхI-намусалдаса нечеларедухъ.. Гьедин малъана нижеда эбел-инсуца. КъвакIиялъ, дирго пикру ккун чIезе лъаялъ кумек гьабуна дие ритIарал галаби рахъизе ва дирго къисмат кьучIдасанго хисизабизе.

Дида гIемер гьикъулаан: щай дуе гьеб жамгIияб хIалтIи къваригIун бугеб, сихIкъотIун, цогидаз гIадин гIумру гьабун щай чIоларейилан, – бицунеб буго Аминат ГIабдурахIмановалъ.

Амма жамгIияй хIаракатчIужулъун йижарай гьелъ гIажаиблъи гьабулеб букIана: кин гIадамазда бичIчIизабилеб, нилъ киналго тIабигIаталъул бутIалъун рукIин, цIуничIони, дунял биххизе, тIагIине рес букIин. Бицана Аминатица кинаб ахIвал-хIалалда гьелъул жамгIияб гIумру байбихьарабали.

– Дида кидаго бегьизего бегьулареб ишлъун бихьулаан гIалхул хIайванал чIвай, чIагоял гъутIби къотIи... ГIадамасул вахIшилъиялдаса гIодулел хIайванал, хIанчIи, гъутIби кин цIунилелилан суал кьолаан диего. Гъуниса МахIачхъалаялде гочарайго, гIуцIцIараб гIумру дирго букIаниги, щиб букIаниги гьабизе заман щун букIин бичIчIана дида.

«Берёзка» абулеб бакIалда ралъдада аскIоб рукъги ккун, щибаб радал ралъдадаса хIайранлъун, рогьел дандчIвалаго дида бихьулаан сурукъаб рахъги: чорокаб ва санагIат гьечIеб ралъдал рагIал, рищни-къулалалъ цIураб сверухълъи, цо-цо жибго ралъдаца къватIибе рехулеб, цо-цо чвердолезда хадуб хутIараб. Ва дица тIоцебе байбихьана ралъдал рагIал бацIцIад гьабизе. РакIалда буго, тIоцебе гIадамазда дун рацIцIа-ракъалъи гьабизе тарай гIаданилан кколей йикIана. Дида гьеб квеш букIинчIо, ралъдал рагIал гьаб чороклъиялдаса цIунизе къваригIун бугилан бичIчIизабуна. Гьедин гIуцIана, цадахъаб хIаракаталдалъун, ралъдал рагIал бацIцIад гьабулеб, волейбол хIалеб, чай гьекъеялъул тадбирал гIуцIулеб жамагIат. Радал заманаялъ гьеб халат бахъунаан кIиго-лъабго сагIаталъ. Цо-цо бокьун тIабигIаталъе гIадлу гьабулел гIадамал тIагIунаан, цIиял раккулаан. Ва лъагIел ун хадуб гIуцIцIана культу-



риябгун тIабигIияб ирсалъул памятникал цIуниялъул «Феникс хIинчI» ДРОО.

Гьебго заманалда Аминатица гIуцIана кIинусгоялдаса цIикIкIун чи жанив вугеб хIаракатчагIазул къокъа, гьел хьвадана батIи-батIиял бакIазде кьишни-къул бакIаризе ва гъутIби чIезе.

## *Ургъел бугел гIадамазул жамагIат...*

Аминатихъа гьабун бажарараб щиналъул кьучI буго дунял берцин гьабизе бокьарал гIадамал хадур цIан гьелъухъа бажарулеб букIин. Байбихьуда жамгIияб хIаракатчилъиялъ асир гьаюрай гьелъ пикру гьабуна экологиялъул суалазда тIасан, дагъистаниялги гъорлъе рачун, системаялъулаб хIалтIи гIуцIизе. Гьелъ байбихьана цогидал регионазда ругел экофорумазде хьвадизе, нилъер республикаялда гьезул хIалбихьи хIалтIизабизе цебетIурал проектаздаса пайда босизелъун. ГIемерал кагътал ритIана батIи-батIиял идарабазде хасал предложениялгун: ТБО, ракьал къачIай, хIайваназде рахIмуяб бербалагьи гIадал хIалуцарал суалазда тIасан. Доб мехалда кIудиял хиса-басиял ккана «Единая Россия» партиялъе жамгIияб квербакъиялъул республикаялъулаб Штабалъул жигараб позициялъул хIасилалда. Гьениб хIалтIун, лъагIалида жаниб гьелда кIвана республикаялъул муниципалитетазда «Экологиялъул анкь» экофорум, ихдалил ва хаслихълъиялъул экологиялъул декадаби тIоритIизе.

– ЖамгIияб хIаракатчилъиялъул гьел формабаз кьалбал риччай гуребги, – ян бицунеб буго Аминатица, – гьел лъугьана «гIурччинал жамгIиял хIаракатчагIазул» хIалтIул нугIзаллъун. АнцIго къоялъ рацIцIана киналго шагьаразда ва районазда жамгIиял бакIал, чIана гъутIби. Лъай кьеялъул идарабазда гIуцIана экологиялъул лъай кьеялъул тадбирал. Рес щвараб мехалда хIаракатчагIи унаан муниципалитетазде, тIоритIулаан данделъаби, кIудияб кIвар кьолаан волонтеразул къадар цIикIкIинабиялдеги.

МагIарухъ гIорал, рохьал, ралъдал рагIаллъи бацIцIад бугищ, къватIазул ургъел гьабулел, рищни-къул бакIариялъул ва цIидасан хIалтIизабиялъул суалал рорхулел гIадамазул къадар цIикIкIана республикаялда.

## *ТIабигIат хвасар гьаби – гьеб щивасул иш...*

– Цоги гьунар бугищ дур? – ан абураб суалалъе гьелъ, – экология гурони, тIокIаб щибго гьабизе гъирацин гьечIо дир, – илан жаваб кьуна..

Гражданияб жамгIият цебетIезабиялъул ва инсанасул ихтиярал цIуниялъул рахъалъ Дагъистан Республикаялъул бетIерасда цебе гIуцIараб советалъул член, «БацIцIадаб улка» абураб «Единая Россия» партиялъул проекталъул регионалияб ЖамгIияб Шураялъул председатель хIисабалда гьелъ гIумру гьабулеб буго жиндие гIумруялъул нух бихьизелъун лъугьараб гьеб хIалтIуе гIоло. Аминатица бицунеб буго, гIемер заман иналдего жий Анапаялде, экологияб катастрофа ккараб бакIалде щванилан.

– ЧIегIер ралъдада ккараб кIудияб балагьалде данде къеркьезе, гьеб бацIцIад гьабизе гьениве вачIун вукIанщинав волонтер, – илан бицана Аминатица. – Керчалъул проливалда нарт баччулел автоцистернаби гъанкъун хадуб, лъелъе аза-азар тонна мазуталъул ккана. Аза-азар хIанчIазе ва дельфиназе къварилъи ккана, къанагIатал салул пляжал нартил ва мазуталъул гъаталъ рацана. Гьениб ккараб экономикияб зараралъул хIисабго гьабизе захIмат буго!

– Пикру гьабеха, – йилан Аминат нервабазда йиго, – нилъер буго берцинаб тIабигIатги лъикIал гIадамалги, амма сверун бугеб рищни-къулалъ хвезабун буго кинабго!

Руго кинабго лъикI бугеб бакIалги, талихIалъ. Ва гьелъ мисалалъ бачунеб буго санитарияб патруль хIалтIулеб Кизилюрт шагьар.

– Нужеда рагIун букIанищ? Шагьаралъул санитарияб рахъ цIуниялъе жигараб квербакъи гьабулеб буго шагьаралъул администрациялъ. ТIоцебесеб иргаялда буго мониторинг, гьелъул кумекалдалъун чIезабула хIалтIул хIасил. ТIолабго шагьаралда контейнерал ругеб бакIазда лъуна видеохалгьаби, къанун хвезабулезул хъвай-хъвагIай гьабулеб букIин гуребги, гьезие кьварараб тамихIги гьабула. Ва субботникал тIоритIула щибаб шамат къоялъ, ихдадаса байбихьун хасалихълъиялде щвезегIан. Жакъа къоялъ Гъизилюрт буго республикаялда бищунго бацIцIадаб шагьарлъун.

Аминатица кIвар буссинабулеб буго проблемаялъул цогидаб рахъалдеги: хIисабалде босизе ккола республикаялъул экосистемаялда тIад бугеб тIадецуялдеги, туристазул къадар щибаб соналъ цIикIкIунеб букIиналдеги!

***ЛъикIлъиялъул гьоко ...***

ДРОО «Феникс хIинчI» пикрабазул ва планазул цIун буго. Аминатица гIарз бахъулеб буго сордо-къоялда жаниб къолоункъо сагIат гурони гьечIолъи квеш бугин, гьабизе жоги гIемер бугин.

– Дида бичIчIула, бегун бугеб ганчIида гъоркье лъим чвахулареблъи, – ян абуна гьелъ. – РацIцIа-ракъалъи, батIа чIараб масъала гуреб, жамгIияб бичIчIиялъул цо бутIа букIин бичIчIи дагъистаниязулъ бижизабизе ва нилъерго ракьалъул хважаинзабилъун рукIине нилъеда кIвезе ккола!

***Гьелъул тIабигIаталдехун ва инсанасдехун бугеб бербалагьиялдаса, лъикIлъиялъул чарх сверизабулеб гьелъул творческияб къуваталдаса хIайранлъун, гIажаибаб гIаданалъулгун гIемераб мехалъ гара-чIвари гьабуна нижеца. Ватсапалдасан гара-чIвари дагьабги халат бахъана, гьенибе Аминатица битIана радал «Булачил къотIноб гъутIби чIеялъул» запись. КидагIаги дуца гьеб кинабго гьабулебилан дир гIажаилъи бихьидал, дун гIадамазе хъулухъ гьабизе йижарай йигилан жаваб гьабуна гьелъ. Аминатица гIуцIараб «Чистый Дагестан» абураб проект-программа цIалун хадуб, россиялда ругел коллегабаз гьелда «чIвазе кIоларей оптимист», – илан цIар лъун буго.***

*ГIайшат Тажудинова*



Г. Х. Андерсен

# Булбул

БацIцIадаб чинидул гьабураб китаялъул императорасул кIалгIа букIана гIажаибал тIугьдуз берцин гьабураб гьайбатаб ахикь. Гьел тIугьдузда рухьун рукIана гIарцул гIисинал цIурмал ва гьури пурабго гьел цIурмазул звангъиялъ сверухълъиго цIезабулаан. Ах букIана халатккараб ва гьеб лъугIулеб бакIалдасан байбихьулаан буччараб, гъамилараб рохь. Гьениб, ралъдал рагIалда бугеб гъотIода букIана булбул. Гьеб булбулалъ гIажаибго берцинал бакънал тIамулаан ва чугIихъанасда гьелъухъ гIенеккун, жинцаго чугIа кквезе реххараб гьинцин кIочон толаан.

Императорасул тахшагьаралде щвезе рачIунаан, дунялалдасаго гIадамал, сапарчагIи. Гьел киналго хIайранлъун балагьулаан, жеги бихьичIеб гIадаб кIалгIаялъухъги, гьайбатаб ахалъухъги, амма булбулалъул бакънал рагIарабго абулаан: «Гьалдаса цIакъаб ва тIокIаб жо гьаниб щибго гьечIо!»-ян. Рокъоре щвараб мехалъги сапарчагIаз бихьанциналъул бицунаан. ГIалимзабаз сурат бахъараб гIадин цебе чIезабулаан

бихьараб тахшагьарги кIалгIаги ва кIочонароан булбулалъул хIакъалъулъ хъвазеги, шагIирзабаз гьелде кучIдулцин гьарулаан.

ТIахьал тIолабго дуниялалдаго тIиритIулаан ва гьале гьезул цояб щола живго императорасухъеги. Гьев вукIана меседил тахидаги гIодов чIун тIехь цIалулев ва цIалараб жо рекIее гIун кьуркьудилев, гьев цIакъ воххун вукIуна гьесул тахшагьарги, кIалгIаги, ахги гьелда беццун букIиналъ. «Амма булбул, киналдего данде ккуниги, бищун лъикIаб букIана!» – ян хъван бугоан гьелда.

– «Гьабго щиб?» – ан гIажаиблъи гьабуна императорас. Дир пачалихъалда, хIатта дир бетIергьанлъиялда бугеб ахикь боржанхъилеб, бакънал рачунеб буго гIажаибаб хIинчI, дидайин абуни гьелъул хIакъалъулъ лъалеб буго кирали рахъарал тIахьаздасан? Ва гьес амру гьабула жиндихъе тIоцевесев министир ахIеян.

– Нилъер ахикь рагIула «булбул» абун цIар бугеб цо гIажаибаб хIинчI, – ан абула императорас министирасда. – Гьеб рикIкIунеб буго нилъер пачалихъалъул бищун машгьураб, бихьизе лъикIаб жолъун. Щай дида гьелъул хIакъалъулъ лъицаниги лъазабичIеб? Дие бокьун буго гьеб гьаб бакIалде, дида аскIобе бачине ва гьабсагIат, къасиго гьелъ дие бакънал рачине!

– Дидаги рагIичIо лъицаго гьелъул хIакъалъулъ бицен гьабулеб, – ан абуна тIоцевесев министирас, – амма дица балагьила гьеб!

ТIоцевесев министр кIалгIаялъул халатал жанахIаздасан векерана, гIемерал рукъзабахъе ваккана, амма хъулухъчагIазул цонигиясданиги булбулалъул хIакъалъулъ рагIараб жо батичIо. Ахиралда цо богорокъой ятарай гьитIинай ясалъ абуна: Кин лъачIого букIунеб гьеб булбул!? Дир эбелалъ гIумру гьабулеб буго битIун ралъдал рагIалда, гьелъухъе унаго дун хIалхьи гьабизе рохьил рацIцIалъуда гIодой чIола ва щибаб нухалъ гьелъ рачунел бакъналги рагIула. Гьелъул гьаркьил берцинлъиялъ ва хIеренлъиялъ дир бадиса магIу жибго чваххула, рекIелъе роххел рештIуна, битIахъе эбелалъ кIаркьанда убач гьабураб гIадин лъугьуна.

– «Ясай, – ян абуна тIоцевесев министирас – дица мун тIамила кIалгIаялъулго богогьанлъун, амма цин дуца нижеда бихьизабизе ккола гьеб булбул киб бугебали, къаси гьеб кIалгIаялъулго данделъиялде ахIулеб буго!». Цинги гьел киналго: ясги, тIоцевесев министргги, хъулухъчагIиги булбул бугеб рохьорехун балагьун къокъана. Унаго гьезда гIакдал гIергIери рагIана.
– Гьабищха доб булбул? – ан гьикъана хъулухъчагIаз. Унго гьелул бугеб къуватаб ва берцинаб гьаракь!

– Гьеб гIергIедулеб жо гIака буго – ян баян кьуна ясалъ. Гьел хадубги церехун рилъанила ва хIавузалъуб къуркъбузул къуркъури рагIанила. «Унго цо гьаракьалъул берцинлъи! Ахир-къадги батана гурищ нилъеда гьеб булбул! Унго гьелъул нилъер как балел гьатIаназур ругел гIарцул цIурмазул гьаракьалда релълъин!

– Гуро, гьел къуркъби руго-ян абунила ясалъ, нилъеда кватIичIого рагIизе руго булбулалъул бакъналги. ХIакъикъаталдаги, рохьил рацIалъудасан рагIизе лъугьанила гIажаибго берцинал бакънал.

– Гьалеха жибго булбулги, – ян ясалъ бихьизабунила гъотIол гIаркьалида чIараб гьитIинабго цIахIилаб кьералъул хIинчI. – Унго гьаб жойищха гьеб булбул? –ан гьикъанила тIоцевесев министирас. Гьадинаб кьерго гьечIеб, сурукъаб, гьалъул тIолалго кьерал ун руго циндаго нилъ гIадал кIвар бугел хIакимзаби ва гIемерал хъулухъчагIи рихьараб мехалъ.

– Дир гьитIинаб булбул! – ан абунила ясалъ. – Нижер бетIер чIахъаяв

императорасе бокьун буго духъ гІенеккизе.

– Дир бакъназухъ гІенеккизе, рукъзаздаса, рохьоб гІемерго лъикІаб букІуна – ян жаваб кьунила булбулалъ, амма императорас жиб кІалгІаялъубе ахІулеб букІин лъараб мехалъ, гьеб киназдаго цадахъ гьенибе анила.

КІалгІаялъуб байрамалде хІадурлъи тІад бан унеб букІанила. Чинидул къададздаги, кенчІолел чІабаразда матІуялъусан гІадин кунчІун рихьулел рукІанила рикІкІен гІемерал меседил чирахъал; ЖанахІалъур лъун рукІанила цІакъ берцинал тІугьдул, гьезда рекІинарун рукІанила цІурмал. ЖанахІалъусан хьвадулеб гьороца цІурмазул сас кибго щущазабулеб букІанила, аскІор рукІаниги цоцада кІалъалев чи рагІиларедухъ. КІалгІаялъул гІатидаб рокъов тахида гІодов чІун вукІанила император ва аскІобго рекъезабун букІанила булбул тІад чІезе бугеб меседил мокъ. Киналго хъулухъчагІиги рукІанила ракІарун, хІатта гьей ясалъецин ихтияр кьун букІанила нуцІил кІалтІа эхетизе. Киналго бер тІаса босичІого ралагьун рукІанила гьитІинабго цІахІилаб кьералъул хІанчІихъ. Ахир-къадги импереаторас ишара гьабунила ва булбулалъ бакъан тІамизе байбихьанила. Гьелъ бачараб бакъаналъул берцинлъиялъ асарги гьабун императорасул бадисан магІил гарал ракканила ва кІаркьандаса гъоркье гирун анила. Булбулалъ бакънал дагьабги цІакъ, ва дагьабги хІеренго рачанила ва киназулго ракІал хІайран гьарунила. Император цІакъ разилъанила ва лъазабунила жинца гьелъул гарбида базе жиндирго меседил хьит кьолеб бугилан. Амма булбулалъ гьеб баркалаги кьун нахъ чІванила. – Дида бихьана императорасул бадисан баккараб магІу, -ян абунила булбулалъ – ТІокІабги кІудияб сайигъат дие кинаб бокьизе ккелеб?

Булбул кІалгІаялъуб танила ва гьелъие хассаб рукъ бихьизабунила. Гьелъие изну кьунила къад кІиго нухалъ ва къаси цо нухалъ эркенго тира-сверизе. Гьелъие рихьизарунила анцІила кІиго хъулухъчи.

Цо нухалъ императорасул цІаралда бачІанила «Булбул» абун тІад хъвараб кІудияб къвачІа. Гьелда жаниб букІанила жидецаго гьабураб булбул ва гьелда тІад рекьун ругоанила хириял ганчІал: бриллиантал, жавгьар, якъуталъул гарал. Гьеб хІинчІ биччарабго гьелъ байбихьулаанила доб чІагояб булбулалъ рачунел рукІарал бакъназул цо бакъан бачине ва меседтІад бекьараб рачІчІ ххенезабизе. Гьелъул горбода бараб чаллуялда хъван букІанила: «Японияльул императорасул булбул гьадингояб жо буго китаялъул императорасул булбулалде данде ккун» - абун.

-Унго гьайбатлъи- ян абунила императорасул хъулухъчагІаз. Гьанже биччанте цІияб булбулалъги нилъералъги бакънал цадахъ рачине- ян хІукму гьабунила императорас.

Амма иш гьесие бокьухъе нухда билъинчІо: чІагояб булбулалъ щибаб нухалъ цІияб кечІ ахІулеб букІана, цо цІияб асаргун, жавгьараз къачІараб жидецаго гьабураб булбулалъ нахъаса къотІичІого шарманкаялъ гІадин цого жо такрар гьабулеб букІанила. Гьеб мехалъ рухІ гьечІеб булбул тІамунила жинцаго кечІ ахІизе. Гьелъул чІагоялъулго гІадаб машгьурлъиги букІанила, тІаде жоялъе къиматал ганчІаз кенчІезабун бугелъул, чІагоялдаса берцинаблъун бихьулебги букІанила. Гьелъ лъеберго нухалъниги цого кечІ ахІанила ва свказеги свакачІила. Лъидаго бихьичІила рагьун хутІараб гордухъан чІагояб булбул жиндирго рохьобе араб куц. Императорасе гьеб цІакъ рекІее гІечІила ва гьесул хъулухъчагІи чІагояб булбулалде баркала лъалареб, лъикІлъи хІехьоларебан гаргадизе журанила.

– Бищунго цIакъабги лъикIабги булбул нилъехъ гурищ бугебан гаргаданилда гьел. – Биччан те гьелъул бакънал халкъалдаги рагIизе-ян абунила императорас ва хIинчI тIамунила киналго шагьаралъул гIадамазе бакънал рачине. Шагьаралъул халкъ цIакъ кIвар кьун гIенекканила гьелъул бакъназухъ ва разилъун, гIажаиблъун бутIрул хьвагIезарулаанила. ЦохIо мискинал, цебе чIагояб булбулалъул бакънал рагIарал чугIихъабаз абулеб букIанила: – Гьаракьги квешаб гьечIо, лъикI ахIулеб буго, чIагояб булбулалда релъунги буго, бугониги цо гIолареб рахъ, цо мукъсанлъиги бугоха-ян. Бугониги чIагояб булбул китаязул хIукуматалдаса къватIибе бачахъараблъун лъазабунила. Императорасул бусада аскIоб тамахаб чиллайдул къандалъоялда тIад бакI ккунила чIагояб гуреб булбулалъ. Гьелъие цIарцин кьунила: «Императорасул къасисеб столалъул квегIаб рахъалъул тIоцебесеб кочIохъан» – абун. Императорасда, ракI бугеб рахълъидал квегIаб рахъ, квараналдаса кIвар бугеблъун кколеб букIанила.

ЛъагIел анила. Императорасдаги, гьесул хъулухъчагIаздаги, хIатта тIубараб шагьаралдаги рекIехъе лъанила чIагояб гуреб булбулалъул бакъназул щибаб бутIа, щибаб нота. КIалгIалъул хъулухъчагIиги, къотIнор расандулел лъималги, хIатта живго императорги замазаманалдасан ратулаанила жидедаго лъачIого булбулалъул бакъан такрар гьабулел: «ЦIи-цIи-цIи-и-и, кълюк-къдюк-къдюк, унго бакъаналъул берцинлъи! – ян. Цо сордоялъ бусада гIебеде чIварав императорасе бакъан тIамулеб букIанила чIагояб гуреб булбул. Циндаго хIанчIчIида жаниб цо хъуди, з-з-з-з-ан, чвархъ-мархъан гьаракь бахъанила ва гьаракь-бакъан къотIанила. Император бусадаса кIанцIун тIаде вахъанила ва тохтирасда хадув чи витIанила. Тохтирасда гьабизе кIолеб жо щибха гьениб букIинеб?! РитIанила сагIтазул устарасда хадур. СагIтал къачIалев чияс хIинчI цоцалъа бахъанила, цоцо жо битIизабунила, къачIанила. Гьес абунила: булбулалъ бакъан бачине буго, амма цоцо чархазул гажал чIикIван руго, кигIан цIакъ къачIаниги цебе букIараб хIалалде гьел ккезаризе кIоларо ва бакъналги цере гIадин гьелъ рачунаро, цIакъ цIодорго хIалтIизабизе ккола-ян. Киналго цIакъ пашманлъанила. Императорас амру гьабунила ва гьелда хъван букIанила: «Императорасул столалъул квегIаб рахъалъул тIоцевесев кочIохъан хIалтIизе биччазе ихтияр буго лъагIалида жаниб цохIо нухалъ – абун.

Цоги щуго сонги анила ва гьеб пачалихъалде кIудияб балагь бачIанила: ракIалдаго гьечIого император унтанила ва хвел-рахъиналъул гIорхъода вукIанила. ЦIияв императорасул цIарцин лъазабунила, халкъ басрияв императорасул рагьдул кIалтIа ракIарун, гьесул сахлъи цIеххолел рукIанила. ХъахI вахъарав, цIоро-гъороpав император жиндирго берцинаб, чIухIараб бусада вегун вукIанила, тIад бан меседил гIертелалги ругеб берцинаб, угьун къачIараб юргъанги букIанила. Рагьараб годухъан императорасухъ балагьун моцIги букIанила, аскIобго, чиллайдул къандалъоялда тIад унтарасул къаданиб бегун, кьурун хIалтIулеб булбулги букIанила, гьев императорго гIадин, багъарулареб. Императорас хIохьел хIаллицаго гIадин босулеб букIанила, гьесда жиндирго щекъер цо лъицаялиго данде къалеб бугеб гIадин кколеб букIанила. Берал рагьанила ва гьесда бихьанила жиндирго каранда гIодоб чIун Хвел. Гьелъ жиндирго ботIрода лъун императорасул тажги бугоанила, цояб хъатикь ккун меседил хвалченги бугоанила, цоялъукь императорасул байрахъги бугоанила. Нахъа чIвараб юргъаналда гьоркьосан раккун

ругоанила цо киналалиго гьурмал, цоцоял гьел рукIанила ццидалал, нахъегIанал, цогидал рукIанила хIеренал, рази-ракиял. Гьел рукIанила императорасул лъикIалги квешалги гIамалал.

– Дуда гьаб ракIалда бугищ-ан гьикъулаанила гьез иргадал ва императорасул надалда цIорораб гIетул гарал раккулаанила.

– Дида гьеб щибго лъаларо, ракIалда гьечIо-ян ахIдолаанила император зама-заманалдасан, гьезие жаваб гьабун. Бакънал раче, бакънал…! ДуцагIаги щай бакънал рачунареб, дир машгьураб меседил хIинчI? Дица дуе къиматал сайигъаталги кьуна, дур габуралда меседил хьитцин бана!

Амма хIинчI буцIцIухIун чIун букIанила, гьеб кьуризе чиги вукIинчIила, жиндирго гьодорал бецIал бералги императорасде руссинарун, балагьун чIун Хвелги букIанила. ЦинтIаго гордухъан рагIанила, гIажаибго берцинаб, булбулалъул бакъан. Гьеб букIанила доб чIагояб булбулалъул гьаракь-бакъан. Гьеб бачIанила императорасул ракI парахат гьабизе, гьесие къуват кьезе. Булбулалъ бакънал тIамунила ва вахIщиял цере тIамурал сипатазул кьер тIезе лъугьанила, императорасул рекIелъе би бачIине байбихьанила. Жибго Хвелгицин булбулалъул бакъан рагIараб мехалъ гIенеккун хутIанила. Дагьабги ахIе, лъалхъичIого ахIе-ян гьаранила гьелъ. Дуца дихъе кьелищ гьеб хвалчен? Байрахъ? Таж? – ан гьикъанила булбулалъ. Хвалица цоялда хадуб цояб гьабун киналго гьел хазинаби булбулалъухъе кьунила. Гьанже булбулалъ байбихьанила тIегьараб гIанцIилидул ва махI гьуинаб гIинтIидул тIугьдузул цIураб сасараб хабзалазул хIакъалъулъ бакънал тIамизе ва Хвелалъе бокьанила жиндирго сихIкъотIиялъ ханлъи гьабулеб хабзалахъе тIад буссине. Гьелъ цIорораб, хъахIаб накIкIул парча тIад бигъанила ва гордухъа къватIибе боржун анила.

– Баркала дуе гьайбатаб хIинчI, дица мун дирго хIукуматалдаса къватIибе бачахъана, дуцайин абуни дир бусадаса Хвел нахъе бачахъана. Киндай дица дуе гьеб бецIилеб? - ян абунила императорас. – Дуца дие гьеб некIого бецIана – ян абунила булбулалъ – Дида бихьана тIоцебе дица бакъан тIамурабго дур бадиб хулараб магIу - гьеб дида кидаго кIочене рес гьечIо! Гьанже кьижа, дица дуе диргo бакъназдалъун ахх бачина. Гьелъ цIидасан бакънал рачанила ва императорги сахаб ва сахлъизавулеб макьуги щун кьижанила. Гьев ворчIараб мехалъ гордухъан бакъ баккун бугоанила.

– Мун абадиялъего дихъ чIезе ккола! – ян абунила императорас. – Дуца бакънал тIамила дуего бокьараб мехалъ, кьурулеб булбулин абун дица гъургъурун къватIибе реххила. – Реххуге, бетIер чIахъаяв император! – ан абунила булбулалъ – Гьелъ дуе бажарараб хIалалъ хъулухъ гьабуна, гьеб гьаниб букIаян абе! – дихъа бажаруларо гьаниб дур кIалгIаялъуб гIумру гьабун. Дие изну кье диего бокьараб мехалъ духъе боржун бачIине. Дун рещтIина дур гордухъ, ва тIамила бакънал талихIалги талихI къосаралги гIадамазул хIакъалъулъ, дуда сверун бугеб лъикIабги квешабги щиналъул хIакъалъулъ. ЦохIо рагIи кье дие, дуе кIудияб дуналалъул хIакъалъулъ бицунеб дур гьитIинаб хIинчI бугилан лъидаго абичIого тезе. Булбул боржун анила. Императорасул хъулухъчагIи пашманал куцалги гьарун хварав императорасухъ балагьизеян жанире лъугьанила ва риххун хутIанила: сах-саламатав императорас дандеги вачIун гьезие салам кьунила!

***Буссинабуна Ш. МухIидиновас***



*Расул ХIамзатов*

Нуж лъазегIан дир гIумру
Лъарал рагIалда ана.
Нуж лъаралго лъаралъа
ГIурулъе кIанцIана дун.
Гьеб гIоралъ нужер асир,
Унго, киве рехичIев?!
Огь, руччаби, руччаби,
Унго-унго руччаби!

Нуж лъазегIан дун гъасда
ЦIеде къулун вукIана;
Нужер цIар гьуинлъигун,
ЦIадай кIанцIана пулан.
Гьеб цIадуца керен-ракI
КигIан гIемер бухIараб!..
Огь, руччаби, руччаби,
Унго-унго руччаби!

ЛъикIал гьудулзабигун
Нуж сабаблъун вагъана,
Цере цадахъ рукIарал
Дидаса ратIалъана.
НекIо росулел кверал,
Гьанже рукъулел зарал.
Гьай руччаби, руччаби!
Пайда щибха, руччаби!

Нужее гIоло чанги
Гьалмагъзабаз гуккана,
Дица гьелги гуккана,
Гьереси бицинаро.
Амма киназдасаго
Нужер сихIру бергьана.
Огь, руччаби, руччаби,
Унго-унго, руччаби!



Лариса
ХIажиева

# Иццул бацӀцӀалъиги тӀогьол цӀилъиги…

***Дагъистаналъул халкъияй артистка Лариса ХӀажиевалъул цӀаралда бухъараб буго республикаялъул музыкалияб ва кочӀолаб культура цебетӀеялъул заман. Жиндирго махщалилазда гьоркьой бищун лъикӀаздаса цояйлъун лъугьарай гьелъ дагъистаниязул ракӀал асир гьаруна. Ларисаца нижее бицана жиндирго творчествоялъул, ватӀаналде бугеб бербалагьиялъул.***

Лариса гьаюна ва гӀуна Хъусращи (Хосрех) росулъ. Школа лъугӀун хадуб лъугьана МахӀачхъалаялъул музыкалияб училищеялде ва гьеб лъугӀизабуна тӀокӀлъигун. «Халкъияб кечӀ ахӀи» классалда лъугӀизабуна С. Рахманиновасул цӀаралда бугеб Ростовалъул консерваториялъул (академиялъул) тӀубараб курс.

ХӀалтӀизе лъугьана студентлъун йикӀаго – Ӏо соналъ операялъул ва балеталъул театралда ва 8 соналъ республикаялъул Пачалихъияб хоралда. 2002 соналъ Ларисаца биччана «Дун тӀадюссана» абураб жиндирго тӀоцебесеб студиялъулаб альбом. Гьебго соналъ цее яхъана жиндирго тӀоцебесеб концертгун. Гьелда хадурги къватӀире рачӀана Ларисал чанго альбомал.

2008 соналъ «Москваялда Дагъистаналъул къоял» фестивалалда Кремлялъул съездазул кӀалгӀаялда цее яхъана Лариса. Машгьурал конкурсаздагун фестивалязда, гурхӀел-рахӀмуялъул тадбиразда гӀахьаллъун, Лариса ХӀажиевалъ жиндирго гӀенеккаразе асар гьабулеб кечӀалъ машгьур гьабуна тумазул маданият.

Лариса ХӀажиевалъул хӀакъалъулъ прессаялъ гӀемер хъвана, амма гьаб гара-чӀвариялъ нилъее гьей рагьулей йиго, гьунар тӀокӀай вокалистка хӀисабалда гурейги, унго-унгояй патриот хӀисабалдаги.

***– «ГьитӀинаб ватӀан». Кин дуда гьеб бичӀчӀулеб?***

– Дир гьитӀинаб ватӀан ккола Кули районалъул гьитӀинабго Хъусращи росу, дие бищун къиматаб ва бищун хириял ракӀалдещвеял дилъ хутӀараб, дун йижараб ва гӀураб бакӀ. Дир ватӀан – гьеб ккола дие къиматаб щинаб жанибе бачараб рухӀияб бечелъи. Гьеб ккола гьеб ракьалда хӀалтӀарал дир умумузул ва хъизаналъул тарих. Дида лъала дирго тухумалъул тарих, халкъалъул гӀадатал, дунги гьеб кӀудияб хъизаналъул цо бутӀа йикӀиналда ракӀ чӀола. Дир гьитӀинаб росу ккола инсан хӀисабалда дун лъадарараб къебелъи. Хъусращи рикӀкӀине бегьула тумазул маданияталъул къилбалъун. Гьенир гьаруна нижер киналго машгьурал композиторалгун шагӀирзаби. ВатӀаналъ гъуна дида кьалбалги, куркьбалги, ракӀги. Дун абадиялъго юхьарай йиго гьебгун ва анищ



буго, тIадюссун ячIиндал, гьелъие пайдайялъун йикIине. Дир ватIанги, рукъги, кьучIги, чIухIиги.

«Хъусращи» цIаралъул магIнаги ккола «хъус» – бечелъи, къадру; «щи» – росу-ракь. Росдал шималияб рахъалда кидаялиго букIана «Бала-хъала» щулалъи, бокьараб рахъалде речIчIизе тункIие картIалги ругеб, росулъги рукIана 4 цIуна-къаялъул сиял. Къумухъалдаса Дербенталде унеб, нижераз ханзабазул нухилан цIар тараб, нухги нижер росулъан уна. Гьенисан хьвадана Надир-шагьасул, имам Шамилил, гIурус пачаясул аскарал.

***– Дуца, бацIцIадаб тумазул мацIалда кечIги ахIун, гIадамазул рокьи базабулеб буго рахьдал мацIалде. Кинаб бербалагьи дур бугеб жакъасеб гIелалада гьеб лъикI лъангутIиялде?***

– Дун тумай йиго, ва дун чIухIула нижерго мацIалдаса. МацI гьечIони – гьечIо халкъ. Бокьараб мацI бицине ругьунлъизе бегьула, амма рахьдал мацI хутIизе ккола бищун къиматаблъун. МацI лъугIидал тIагIуна хаслъи, гIадатал, улка-ракьалъул хутIула гIицIго картаялда тIанкI. Инсанасул гIумру гIезегIан къокъаб буго мацIалъул гIумруялдаса, гьелъулъ буго халкъалъул рухIги даимлъиги. ВатIан бокьулесда тIадаб буго гьеб цIунизе ва бокьизе.

Нижер бечедаб, берцинаб, гIажаибго ахIун бачIунеб мацI буго. Цебе чIезабизе кIоларо гьеб кида бугониги тIагIинилан. ГIолилазда жиде-жидер мацIал лъалел гьечIолъиялъ рахIат хвезабулеб буго дир. ГIадамаз рахьдал мацIалъул къимат гьабизе байбихьула гьелдаса рикIкIалъидал. Чияр ракьалда, унго, букIунеб лазат гIагараб мацIалда рагIи рагIизе! КъватIисел пачалихъазул мацIал лъазаризе журала гIемерисел, букIине кколедухъ жидерго мацI лъаларел. Абизе кIоларо хадусел гIадамаз мацIалъул къимат гьабизе бугилан, амма дие гьеб букIана, буго ва букIине буго даим чIаго. Гьелъул чваххи гьоркьоса къотIичIого букIине къеркьана, гIумру кьуна дир анкьумумуз. Нилъерги ихтияр гьечIо гьеб бицинчIого тIагIине тезе.

***– Дуца щибаб концерталдалъун цIияб тIадегIанаб гIорхъи чIвала сценаялъул хIалтIул даражаялъе. Кин духъа гьеб бажарулеб?***

– Дида кIоларо гIадатаб тадбир гIадин концерт тIобитIизе, гьеб ракIчIухIиги гуро. Щибаб концерт буго дир лъимер, гьеб дица дилъго гIезабула, цинги, гIумру кьун, дунялалдеги биччала. Гьеб ккола концерт хIадурулел махщелчагIазул кIудияб захIмат. Аслияб мурад ккола гIадамазухъе дир халкъалъул рухIги жанги кьей, гьезие байрам сайгъат гьаби.

КӀудияб ракӀразилъигун яхъуна дун сценаялде ва гьеб балагьаразухъе кьезе кӀвани, жеги къуватги бачӀуна хӀалтӀизе.

Дир иргадулаб концерталда цӀар буго «Иццухъе», – ян. ЦӀаралъ жиндицаго бицунеб буго кинабго. Гьеб концерталъул хаслъи буго, Дагъисталалъул халкъияв артист Навруз Шагьбазовасул нухмалъиялда гъоркь бугеб халкъияб музыкаялъул пачалихъияб оркестралъул аккомпанементалда тӀобитӀизе букӀин. Гьениб букӀина чӀагояб гьаракь ва рагӀила Дагъистаналъул халкъияб ва батӀи-батӀиял авторазул бакънал.

Щай гьединаб цӀар? Лъиениги балъголъи кколаро глобализациялъ тӀубарал культураби ва гӀадатал загӀип гьарулел рукӀин, гьелъ хвезарулел руго тарихиялги рукӀа-рахъиналъулги кьучӀал. Хасго цӀакъ гьелъ асар гьабулеб буго Дагъистаналъул



кочӀолаб культураялде: нилъералго хисун, модаялда руго азиялъул, гӀарабазул бакънал.

Халкъалъул маданияталъул хвел гьечӀо ва гӀадамазе гьеб бикьизе щвей дир кӀудияб талихӀ буго. Дица гьеб бикьула дир кочӀол гъанситохъе рачӀаразе, къечарал гьел рачуна иццухъе, рагьула халкъияб кочӀол хӀакъикъияб бечелъи ва абадияб хӀажалъи.

***– Щиб хисараб жакъа дур гӀумруялда жаниб ва творчествалда?***

– ГӀемераб хисана, амма хисичӀого хутӀана дир хӀалтӀудехун бугеб бербалагьи, щивасул рекӀелъе нух бахъизе хӀаракат. Творчество дие ккола хиса-басиязде кӀуллъун. Творчество кидаго щиб букӀаниги цӀияб ургъулеб, букӀине ккола. Артист цо бакӀалда чӀун вукӀине бегьуларо, зрителасул жиндехун рокьи ссвинчӀого букӀине. Дир дирго репертуаралдехун тӀалабал цӀикӀкӀана, гъорлъе яккун лъазабизе бокьула халкъияб искусство. Жавабчилъи цӀикӀкӀана дирго концертаздехунги, баркала кьун свакаларо дир хирияв насихӀатчагӀи ва гьудулзаби Ширвани Чалаевасегун Фаина Графченкое…

***– Бице унго-унгояв артистасе хӀажатаб лъабго балъголъи?***

– ТӀоцебесеб иргаялда, тӀабигӀаталъго кьураб гьунар. Амма гьелда гӀей гьабун чӀезе бегьуларо. Гьединлъидал кӀиабилеб – хӀаракатчилъи ва захӀмат бокьи. Лъабабилеб – гӀумруго гьеб пишаялъе къурбан гьабун букӀине ккола. Гуронани кӀудияб цебетӀей лъугьунаро кочӀол дунялалда.

*Виолетта Ратенкова*



# Берлиналда их

Цо бихьулареб кверал кверщел гьабулеб бугеб гIадин букIана Хилдал гIумуялда. «Гьоркьоса къотIичIого гьоркьобе лъугьун, чIегIер-хъахIаб доскаялда ругел шахматазул фигураби гIадин, цIидасан гIадамал риччалел, картаби гIадин гьоркьор ккезарулел руго», – ян пикру гьабулеб букIана жакъа, 8 маялда, лъабкъоялда анцIго сон балей Хилдаца. Эбертштрассеялда басрияб минаялъул ункъабилеб тIалаялда бугеб жиндирго квартираялъул рагьараб гордухъги чIун, гьей Тиргартен паркалъул гIурччинлъиялъухъ ялагьун йиго.

АхIвал-хIалаз бикъараб гIолохъанлъиялъул пашманал пикраби гьоркьор къотIизарула лъалеб нуцIида кIутIиялъ. ГIицIго гьелъул мадугьал Елена кIетIола гьедин – гIурус немцай, Хилдаца Хеленилан абулей. Еленал умумул Германиялдаса Россиялде гочун руго анцIила микьабилеб гIасруялда, Екатерина II йикIараб заманаялъ, гьезда ракIалде кколеб букIараб гIадин, лъикIаб гIумру балагьизе. Ва гьединго, жийго Елена

росгун ва гIолохъанав васгун цадахъ тIадруссана жидерго «ватIаналде» Германиялде XX гIасруялъул ункъоялда анцIабилел соназда – гьединго, абизе бегьула, лъикIаб гIумруялда хадур. Хилдацаги Хеленицаги цо рокъор гIумру гьабулеб букIана лъеберго соналъ, лъеберго соналъ гьез цоцада малъулеб букIана: Хеленица Хилдада – гIурус мацI, Хилдаца Хеленида – немцазул мацI.

– Доброе утро! – ян гIурус мацIалда ахIдола Елена.

– Доброе, Хелен! – ян жаваб кьола Хилдаца дагьабго хъачIаб акцентгун.

Еленал кодоб буго манарша тIугьдузул кваცIи ва хъахIаб чалуялъ бухьараб багIараб, берцинаб гъутухъ. Гъутухъалда жаниб – кагьрудал нагIли лъураб къадиро, некIсияб ва багьаяб. Гьелъ гьеб Совет хIукуматалъул заманаялъго Ригаялъул рагIаллъудаса босун букIана, кагътал цоцахъе хъван лъарай, Ригаялда йигей гьудулалъухъе щвезе индал. Жакъа гьеб къадиро букIана гьаюраб къо бугей Хилдае сайгъат. КIикъогогIан соналъ Еленал гъансиниб бахчун букIараб гьеб бакъул къатIраялъ Хилдал пашманал къоял гвангъизаризе риччан те!

* * *

МахIачхъалаялъул хасалил лъаларел, ихдалил лъаларел къоял. МухIамад вуго, гIелмабазул академиялъул филиалалъул лъабабилеб тIалаялда бугеб жиндирго кабинеталъул рагьараб гордухъги чIун, чай гьекъолев. Гьев хIалтIулев вуго тарихалъул, археологиялъул ва этнографиялъул институталда. Гьаб кинабго ихдалил багъа-бачариялъул, маёвкабазул «шашликI-машликIазул» гьесде кинаб букIаниги асарго букIинчIо. Маялъ гьесул кидаго депрессия байбихьула. Гьесул берал руго, дандбитIун букIараб ругьунабго сурат – «Спорт» гостиница балагьулел. Гьеб гьанже чIваданалде сверун буго. «Кидаялиго Берлиналда гIадин», – илан пикру гьабуна МухIамадица, чайги багъарулаго.

Гьесул берда цебе чIун буго, ракIалдаго гьечIеб, рикIкIада йигей эбелалъул сурат. Гьесул пикрабалъ гьей щибаб нухалъ хисула. Гьале гьасул эбел гIолохъанай, гьанже лъебералда щугоялдаса тIаде ун йиго, гьанже херлъун ятила... ЧIагогIаги йигодай? Гьасда гьелъул фамилияцин лъаларо. Инсуца бицинчIо. Холеб мехалъцин бицинчIо. Цебего МухIамадихъа бажарана инсудасан гьелъул цIарлъазабизе – Хильда, – ян угьун биччана инсуца ва нахъойги саназ вуцIцIун чIана.

Немцазулгун аваразул би буго цIер ва цIа, гIакълуялдаги рекIел хIалалдаги гьоркьоб абадияб дагIба. МухIамадил чорхолъ гьеб кIиялдаго гьоркьоб рагъал унел рукIана гIумруялъго. Цо-цо мехалъ магIарул кочIоца ракIги къанцIцIун, МухIамадие чара гьечIого хIажалъулаан Бахихъ гIенеккизе. Амма цониги Бах, Бетховен, хIатта Гендел яги Брамс жидерго бакънaлгун гьесие Дагъистаналъул мугIрул борхалъуде рахинчIо. МугIрул – ххарда тIад гIицIал хIатIалгун гьев лъимерлъиялъул заманалъ векерахъдарав, нечон гIодобе къуларaб щибаб щакъикьераб манаршаялъухъ валагьун, гьес тIогьол байдабаздаса кеп босарав.

МухIамадица, чвархъан гордуги къан, столалда тIад рукIарал папкаби ритIизаруна, компьютер свинабуна, чай гьекъолеб букIараб чашкаги, чурун, жиндирго бакIалда лъуна. Гьав унев вуго рокъове, живго цохIо вукIине. Метер къоги байрам буго. Бергьенлъиялъул къо...

* * *

Хилдаца Еленада киданиги бицинчIо жиндир вас Россиялда вугилан. Ва гьей киданиги Россиялдаги

йикIинчIо. Чанго нухалъ чемодан хIадурана гьелъ, хьвагIулеб маятникалъул ракIчIейгун, вас валагьизе ине. Амма маятникалъул гьебго къуваталъ нахъе рехулаан – ва рокъой хутIулаан. ГIодулаан. Интерneталда аза-азар суратазда гьоркьор релълъен-хъвай балагьулаан. МухIамад ГIалиев. МухIамад ГIалиев. МухIамад ГIалиев.

Хилдаца Еленае киданиги бицун букIинчIо дагъистаналдаса хъахIилал беразул магIарулавгун жиндир лъай-хъвай ккараб куцалъул. Гьес хъулухъ гьабулеб букIана Вюнсдорфалда, Советиял къуватазул къокъаялъул штабалда. Вюнсдорф ккола Берлиналдаса лъеберго километралъ рикIкIад бугеб, гьитIинабго санагIатаб шагьар. Цо заманалда Москваялдаса щибаб къойил поезд хьвадулаан гьенибе. Хилда жиндирго яцалъул яс Илмагун цадахъ вокзалалъул тротуаралда чIун рукIаго, гьелъул гIурччинал берал речIчIула гимнастеркаги ретIарав, цIудулаб бербалагьи бугев, хъахIчIараб расалъул рагьухъанасда. КигIан Илмаца – «нилъ Москваялда букIараб гIолилазул руцIцIеналдаса нилъерго делегация дандчIвазе рачIун руго», – абун цIацIаниги, гьелъие кинабгIаги асар гьабичIо. Квер хьвагIун Илмаги тун, гьитIинабго картоналъул чемоданалги росун цере унел гIолохъабазда хадуй йилълъана. ГIурус солдатал махсаро-хочIалда унел рукIана ва гьезул цояв циндаго лъалхъана, жиндирго чемоданги тротуаралда лъун, нахъехун валагьана. Хилда, надалдаса низам гьечIеб расги нахъе бачахъун, «гIурусасухъе» екерана ва салам кьезе цIорораб квер бегьана:

– Хилда.

– Рядовой ГIалиев, – ан нечадго абуна солдатас, амма квер кьуна. Ва тIаде жубана: – ХIажимурад.

– Гьаджимурат? – ан гьикъана Хилдаца нахъойги.

Гьединго Еленада лъалеб букIинчIо кин гIолохъанаб хъизаналъ сихIтун Вюнсдорфалда загс гьабурабали ва Хилдал эмен, Берлиналъул университеталъул профессор, Кавказалъул тарихалъул специалист, археолог ва дагьавго этнограф Генрик Бергица жиндирго анцIила микьго сон барай яс лъимаде йикIин лъайдал, щибилан абурабали. Узухъда, ясалда гIурус мацI малъулаго, гьесда ракIалда букIинчIо «тIоцеве дандчIварав гIурусасе» росасе гьей инилан! Тохтур Бергие бокьун букIана жиндирго ясалъ Кавказалъул рахъалъ гIелмиял цIех-рехал халат рахъинаризе, гьелъие рагьулеб букIана советиябгун немцазул цадахъаб гIелмияб хIалтIуе рес.

– Дада, гьев аварав вуго! – ян абулеб букIана Хилдаца, лъимадуе росарал тIаргъалги къакъалаго.

* * *

Я Еленада, я жийго Хилдада киданиги лъазе рес букIинчIо лъагIел ун хадуб отпускалде рокъове тIадвуссун вачIарав ХIажимурадида эбел-инсуца щиб абурабали. Гьале гьез абураб: «Нижее къваригIун гьечIо дур немцалгун журарал лъимал! Дур кIудада фашисталгун вагъулаго хвана! Гьеб гуребги, дур абурай ясги йиго, кидадай мун тIадвуссинаян ялагьун чIарай!» Аминат йикIана ХIажимурадил яцгIал. Эбел-инсуе бокьи гурони, Аминатие къваригIараб жоги гьеб букIинчIо, гьей микьабилеб классалда цIалулей йикIана.

– Эбел, эмен, гьел фашистал гуро, немцал руго! – ан ахIдолев вукIана ХIажимурад. Эбелалъ гIинго тIамулеб букIинчIо, эменги рокъоса къватIиве тIурулев вукIана, немцалъе гьабураб лъимерги кодоб ккун живго цеве тIамигун.

ХIажимурад Дагъистаналдаса Вюнсдорфалде тIадвуссуна батIияв



лъугьун. Гьев кIалъалевго вукIунаро, beралги рахчулел рукIуна. Амма Хилда щибго лъугьинчIеб гIадин йикIана, яги гьединаб ххвелищ гьабулеб букIарабали. Азаралда ичIнусиялда лъабкъоялда анцIилаункъабилеб соналъул апрелалъ гьавуна вас.

«МухIамад», – абун кьварун лъазабуна ХIажимурадица, Хилдаца росасда дандечIей гьабичIо...

Еленада лъаларо кин ХIажимурад гьезул лъагIел барав васги вачун рикIкIадаб мугIрузул улкаялде аравали. ГIемерал саназул сихIкъотIи. РатIалъилалде цебе гьес гIицIго абуна: «Хилда, кинабго кIочон тани лъикIаб букIина. Щибго букIинчIо. Дие мун йокьулароан... МухIамад вуго магIарулав ва мугIрул гьесухъ ралагьун чIун руго. Мун росасеги а, цIияб гIумруги байбихье».

Щибха лъалеб мадугьал Еленада? Киназдаго лъалеб – Хилда ана инсул цIалдохъанасе росасе, гьесда цадахъ гIумру гьабуна лъебералда щуго соналъ, гьесие гьабуна кIиго лъимер. Рос хвана анцIго соналъ цеве. Яс, хъизангун цадахъ, гIумру гьабун йиго Бельгиялда. Вас... Хилдае гьесул хIакъалъулъ бицине бокьулароан – гьесул гIолохъанлъиялъул лъалкIал 2000-абилел соназул байбихьудаго тIагIана.

– Хилда, дида цо къватIул хабар рагIана. КъватIул батичIого букIинеги бегьула. Цо-цо немцазе цIидасан Германия бикьизе бокьун бугин абулеб буго. Рес бугеб? Рес бугищ кинабго букIараб хIалалде тIадбуссинабизе? Хилдал, гIажаиблъи гьабун гьудулалъухъ ралагьун рукIарал берал, гордехун руссуна. Еленаца нахъойги байбихьула:

– Дун йикIана гьадинаб жоялда тIад ургъулей... Саратовалде тIадюссани лъикI гьечIодай дие? Гъоркьисала Россиялде гьабураб сапаралдаса хадуб, дие цIакъ бокьун буго гьение тIадюссине.

– Нилъ гIурусал рукIиналъ, – ян абуна Хилдаца, гьудулалдаса магIил цIурал beралги рахчулаго. Доб мехалъ ХIажимурадица йокьиларин абидал – гьей божичIо.

* * *

Германиялда 8 май ккола Эркенлъиялъул къо. Дунялалъул КIиабилеб рагъ Гётел ва Гейнил, Марксил ва Энгельсил, Вагнерил ва Шуманил, Гофманил ва Ремаркил улкаялда лъугIараб къо. Амма кигIан гIажаибаб байрамха гьеб бугеб – кьогIлъиялъул гьумергун. Нилъецаго нилъго къезарунищ? Нилъеца нилъго эркен гьарунищ? Гьеб гIажаибаб къоялъ гьайизейищ Хилдаги кколей йикIарай!

Рагъ лъугIун анцIго соналдасан гьаюрай Хилдада гIемераб жо бихьун букIана Берлиналда. Гьелда якъинго ракIалда букIана шагьар бикь-бикьараб куц. «Гьал» ва «дол». Лъабкъоялда цоабилеб соналъ, анлъго сон барай гьелда бихьана Берлиналъул къед бараб куц, лъебералдаункъо сон баралда – ункъоялда ичIабилелъ гьеб биххизабураб куц...

...МаркIачIул гIужалъ Хилдаца хапун кодобе босана чемодан. «Щвела ахирги дун гьеб МахIачхъалаялде! Лъицаго къаларо дие нух»! – илан шурана гьелъ жиндиего, къисматалъукьа къураб мехалъ, кидаго гьабулеб букIараб гIадин.

Хилдал гIумруялда тIад кверщел гьабулеб букIана цо бихьулареб кверала.

*Инна ХIажиева*

# Азбар лъухьулев вукIинаан…

«РоцIцIараб бакъул къоялъ, хIеренго балеб цIадакь», цо пуланав чи вачIуна компьютерал бичулеб бечедаб компаниялде, жив нужер азбар-къоно лъухьулев чилъун восеян. Документазул хал-шалги гьабун, гIемерал, пикру гьабун бажарулев, чIарав-хьарав чи вугищали хал гьабизе, суалалги кьун, ахирги гьав восула хIалтIуде.

– Баркула. Жакъа къоялдаса нахъе мун вуго нижер хIалтIухъан. Кидал хIалтIизе вачIине кколевали сияхI битIила дур электронияб почалде. Гьелъул адрес те нижехъ, – илан абула гьасда, хIеренго гъажалда кверги лъун, цо хIеренавго гьечIев гIадав чияс.

– Ия? Почилая? Компьютерго гьечIев чиясул электронияб почищ букIунеб?

– Вай Аллагь, гьединал чагIигийищ гьаб заманаялъ рукIунел? Гьедин батани, нижеда кIолароха мун хIалтIуде восизе. Мун виртуалиб дунялалъе гьечIев чи вуго. Нижер киналго хIалтIухъабазулгун хехаб виртуалияб хурхен букIине ккола. Гьеб буго нижер компаниялъ цIакъ кIвар кьолеб суал.

Щибха гьабилеб… Гьабун бажарулеб жо щиб гьасул букIинеб, компьютер босизе гIураб гIарац кив хIалтIундай щвелебилан ургъани гурони.

Чвантиниб букIараб нусго гъурущги кьун, гьас цо лъалев-хъвалев ахихъанасухъа 3 кило гIечул босула. ГIемерал гIадамал хьвадулеб къотIновеги ун – бичула. Нахъойги босула гIеч – бичула. ГIага-шагарго 6 сагIаталда жаниб гьасул 100 гъурущалъул 1000 гъурущ лъугьуна ва гьасда бичIчIула тIадчи гьечIониги гIумру гьабун бажарулеблъи.

Заманалдасан гьас рагьула гьитIинабго тукен, босула машина. 5 соналдасан гьасул тукабазул читIир гIола. Чанго тукадул хважаин хIисабалда, цо къоялъ гьав вилълъуна тукабазул страховка гьабизе. Гьенибги гьасда гьарула, цойги пайдаял предложениял ритIизе букIине, добго электронияб почалъул адрес. – Валлагьги, гьалмагъзаби, гьечIоха дир я компьютер, я гьеб, кьавуца кваяб, поч, – илан абула гьас.

– ВахI?! – илан гIажаиблъи гьабула страховка гьабулев вукIарас, – гьадигIан кIудияб бизнес бугев чиясул компьютерги электронияб почгийищ букIунареб? Гьебги букIарабани кигIан кутакдай дур букIинеб букIараб – илан.

Бизнесменас жаваб кьола: «Гьеб букIарабани дун цо кIудияб компаниялъул азбар лъухьулев чилъун вукIинаан», – илан.

*Пикру: Дур цо щиб букIаниги батичIони, гьеб лъикIалъе букIинеги бегьула!*

***Хъвана Баху МухIидиновалъ***






# ТIанса-салмагалъул сси бугел ясал...

*Дагъистаналда тIансаби, салмагал, давагъинал рессиялъул ишалъул тарих байбихьула нилъер къарнуялде щвелалде 3-2 азарго соналъ цебего. Геродотицагун Плинийица хъвалеб буго рессариялъул иш Кавказалъул халкъазда гьоркьоб тIибитIараб букIиналъул, 11-12 гIасрабазул гIарабазул хъвай-хъвагIаязда бицунеб буго кавказалъул Албаниялда куназе тIабигIиял-маренал ва шафраналъул релъаби хIалтIизариялъул.*

*НекIсиял умумузул рукIа-рахъиналъул хутIелазда гьоркьорги чара гьечIого ратула туртазулгун халичабазул хутIелал, кескал. Гьелъги бицунарищ хинлъиялъеги берцинлъиялъеги гьел цебегоялдаса хIалтIизарулел рукIиналъул?*

Хунзахъ районалъул КIахъ росулъа ГIабдулкъадирова Хадижатидаги гьеб халкъияб махщел цIуниялъул жавабияб борч тIад лъун буго, салмагал рессун гьел ричиялдалъун бетIербахъи гьабурал цIикIкIарал яцалгун эбелалда цебе бугеб рухIияб налъиялъ. гьелъул кIудияв эмен ГIабдурахIманил минаялъуб букIун буго БакьагьечIи рессарулеб фабрикаялъул филиалал.

ГьитIинаб къоялдаса нахъего берцин бихьулаанила жинда гьеб умумузул махщелан бицана Хадижатица диргун гара-чIвариялда. Гьелъул ракIалдещвеязулъ цебе бачIана кIудияв инсул рукъзабахъ лъабго рокъор лъурал гIурдулги, гьезда нахъа хIалтIулел ясалги, жал гIисинлъимал квертIебичалгун, цIундул ричун гIамал гьаризе чIахIияз тIамулел рукIараб куцги.

– ГIажаибаб маргъуялдаса суратлъун бихьулаан дида доб гьитIинаб мехалда унго-унгоял устарзаби: ХIанапиева Билкъисица, ГIабдулкъадирова Перзиятицагун ПатIиматица, МухIамадовал Салисатицагун Сакинатица, ГIабдурахIманова Хадижатица, ГIабдулаева Бариница ва гь. ц. (щибаб рокъоса кIиго-лъабго ясцин ритIулаан рессаризе, гьединлъидал захIмалъила киналго рехсезе) салмагазда гьарурал накъищал. Рукъзабахъ кIиго-лъабго рукъ гIицIго салмагазул цIураб букIана Абакаровазул хъизамалда.

КигIан кутакалдаха дир ракI бакъвараб, культпросвет училищеялда цIалунги яхъун, гIагараб росулъе тIад йиссиндал, цIи гьабун гIуцIиялъул карачелалде гъоркье ккун гьеб филиалалъулги, жибго фабрикаялъулги хIалтIи чIезе тун батидал?!

1986 абилелдаса 1992 соналде щвезегIан Хадижат хIалтIула райПОялъул лимонад гьабулеб цехалда. Цинги гьей тIамула росдал культу-





раялъул рукъалъул директорлъун. ГIабдулкъадирова гIахьаллъичIеб цониги тадбир букIунаро районалда. Жиндирго сахлъи гьечIолъиялъухъ балагьичIого, тIадкъараб иш ракIбацIцIадго, щвалде щун гьабулей инсанги йиго Хадижат.

Республикаялъул нухмалъуде Рамазан ГIабдулатIипов вачIарал соназ байбихьана киса-кибго культураялъул рукъзабахъ Россиялъул халкъазул традиционнияб культураялъул централ рагьизе. Гьаниб Хадижатие рес щвана жийго умумузул нухги гIадаталги ккурай яс йикIин бихьизабизе: рокъоса босун некIсияб цIа-рагIгун, тIагIалабигун КIахъ культураялъул рокъоб гьалъ «бакана» унго-унгояб умумузул гъанситухъ цIа. Росдал СДКялде щведал асар лъугьуна анкьумумузухъе гьоболлъухъ щвараб гIадаб. ХIажалъана доб гьитIинаб мехалъ рокьи ккун букIараб рессариялъул махщелги. ХIариколо библиотекаялъул заведующий – ГIабдулаев ХIажил кумекалдалъун гIурдулги гьарун, гьалъ цIи гьабуна росулъ додинаб машгьураб ва киназего бокьулеблъун букIараб рессариялъул ишги.

ТIоцебесеб турут бессизе гIодой чIедалго ругьунлъун ккун, хехлъун анила жиндир кверал гьеб ишалде, гIумруялъго гьелда нахъа йикIарай гIадин. Гьеле доб бидулъго батараб гьунарилан абизе бакI!

Жакъа къоялда Хадижатица гьеб гьайбатаб махщел малъулеб буго росдал гьитIинал ясаздаги, аскIоре рачIун бокьилин абуралщиназдаги. Риидал тIаде рачIарал туристазе мастер-классал тIоритIун, гьезие хIадурарал туртал-салмагал ричун, росдае тIоритIулел тадбиразе шагьи-параги балагьулеб буго Хадижатица, кIвахI тун. ХIатта, Белоруссиялдаса гьобол Ольга ккун рукъгун анцIго къоялъ хьвадун йиго Хадижатихъе, гьеб

нилъеразго рехун, кIочон тезе биччалеб бугеб кверзул махщел лъазабизелъун.

Дица хабарцоялда гьикъана кинин дуда кIолеб телефоназдегун интернеталде жанибе араб гIолеб гIелалъе гьеб некIсияб, мухIканлъигун ракI унтун тIад хIалтIи хIажалъулеб иш бокьизабизеян.

– Дица хIаракат бахъула лъималазда нилъерго умумузул рукIа-рахъиналъулги, квен-тIехалъулги, партал-хьиталъулги сахлъиялъе бугеб пайдаялъулги, берцинлъиялъулги, цойгидазда данде бугеб тIокIлъиялъулги бичIчIизабизе. Гьез цинги гъираялда босула малъарабги.

Араб соналъ ниж гIахьаллъана МахIачхъалаялдагун Каспийскалда тIоритIарал 4–5 цебелъеязда, «Дагъистаналъул иццал», «Республикаялъул тIанса-салмагазул фестиваль» тадбиразда мустахIикълъана культураялъул министерствалъул, РДНТялъул хIурматалъул грамотабазегун рецц-бакъалъе, щвана администрациялъулги культураялъул отделалъулги баркалаялъул кагъталги.

Кинаб бергьенлъи щваниги дица рикIкIуна гьеб кидаго дие хIалае ратулел, щиб тадбир тIобитIизеян лъугьаниги жигаралда жал гIахьаллъулел росу-жамагIаталъул шапакъатлъун. Дир хIалтIи бичIчIуларев, гьелъие хIажаталъе квербакъизе бокьуларев цониги росдал бетIерги ккечIо хIалтIул болжалалда жаниб, росуцоялги руго «бараб ахIулъги, ахIараб бодулъги» ратулел унго-унгоял кумекчагIи. Узухъда, цIикIкIунисеб бутIа хIалтIул ккола дирго ишцояй ХIажиева ПатIиматиде. Аллагь разилъаги гьаздаса киназдасаго.

ЖамагIат цолъизабун, киназего гIаммаб ихтилат-кепалда тIоритIулел Хадижатил тадбирал машгьурлъана республикаялдацин – РГВК ялъул авар мацIалда унел миллиял передачабазул редактор Хатимат МухIамадовалъ гьел чанцIулго рихьизаруна каналалъул эфиралдасанги.

Бищунго жий пашманлъулила хIалтIулъ гьабизеян лъугьараб иш рекIее бокьухъе, мухIканго лъугьинчIони, жинде гьабураб божиялъулъ цо гьитIинабниги гъалатI борчIаниян, жиндиего критикаги гьабуна Хадижатица гара-чIвариялда.

Амма дун божуларо гьитIинабго маданияб гъанситохъ росдал цIаги ссвине биччачIого, ракIбацIцIадго хIалтIулей гьей культураялъул хIаракатчIужуялъ жинда тIад къараб ишалъулъ тасамахIлъи биччаялда. Гьелда тIадеги, гIицIго маданиял тадбирал тIоритIи гуребги, Хадижатица тIаде босун буго умумузул баракатаб ва берцинаб махщел цIи гьабиялъул ва цIуниялъул хIажатаб ишги. НилъерабгIоги кIочон, чиярабги дурусго лъачIого хутIиялда дир хIинкъи гьечIо ГIабдулкъадирова гIадал патриотал-руччаби республикаялдаги рукIаго.

*Фатима МухIамадова*

## Наида ХIажимухIамадова



# ТIабигIатги, хIалхьиги, рахIатги…

***Дагъистаналдаго бищунго берцинал бакIазул цояб ккола Табасаран. Хасго роол гIужалъ. Гьеб берцинлъиялдаса лазат босулеб букIана нижеца, Табасаран районалъул тахшагьар Хучниялдаса гIемер рикIкIад гьечIеб Хапиль абураб бакIалда бараб, Тажир ва Наида ХIажимухIамадовазул хIухьбахъиялъул базаялде унаго. Рорхатал гьечIел мугIрул ракьанлъабиги жалго мугIрулги цIун руго ан берцинго рижарал хъархъаз ва гъветI-хералъ. БакI-бакIалда данчIвана цIулакьодул, генул ва гIечул ахал. Гьединлъидал абулеб батила районалда «гIурччинаб Табасаранилан» яги «Дагъистаналъул Швейцария» абун.***

Базаялде щвейгун, нижее гьабуна гьалбадерил рукъзабахъе гьитIинабго экскурсия, щвана квегIенаб богорокъоре, амма кинозал жеги къан бугоан. ГIатIидаб, зодикь тепси тIибитIараб бакIалде щведал нижеда бихьана, ганчIазул цIураб рахънисан, хважаин Тажирица гьабураб кьода гъоркьан, чвахулеб гьалагаб Самур. Наидал рос вуго даран-базаралъул чи ва, гьев жиндирго ишазде вуссун вукIиналъ, базаялъул хIалтIи бачунеб буго лъадиялъ.

ТIаде балагьун киданиги ккелароан гьей лъабго лъимадул эбел йигилан. Бищун кIудияв васасе буго 23 сон, ясалъе – 16, гьитIинав васасе – 5. ГIажаибго берцинал гIурччинал беразул гIолохъанчIужуялъ жиндирго загIипал гъуждузде баччизабун буго гьеб хъизаналъул гIаммаб ишалъул жавабчилъи.

Наида гьаюн йиго Табасаран районалъул Сертиль росулъ. Хадуб гьелъул эбел-эмен гочун руго Каспийск шагьаралде. КIиялго хIалтIулел рукIун руго «Дагъдизель» заводалда. Гьениб школаги лъугIизабун, Наида цIализе лъугьуна ДГУялъул филологияб факультеталде. КIиабилеб курсалда цIалулаго, щуабилеб курсалъул студент Тажирие росасе уна. Гьелдаса хадуб Тажирил гIагараб Джули росдал школалда учительлъун хIалтIула. Гьелъ рекIелъ кIудияб чIухIигун бицана Джулиялдаса 10-ялдаса дагь гьечIев гIелмабазул докторал рахъанилан. Цоги гьеб росулъ букIун буго бархъалисезул гIадаб машгьураб щагIил къайи гьабулеб бакIги.

Росулъ буго некIсияб мажгитгун мадраса. Гьениб букIун буго, тIолабго Табасараналдаса гуребги, Дагъистаналъул югалъулаб рахъалдасацин гIадамал хьвадулеб исламияб центрги.

Жиндирго махщалида рекъон школалдаги хIалтIун, Наидаца жиндирго хIалтIулаб рахъ хисула. Гьелъ хIал бихьичIеб хIалтIиго хутIун батиларо. Амма цо нухалъ росас гьелъие гьабула ракIалдаго гьечIеб сайгъат. Гьеб букIуна 2023 сон. ТIабигIаталъул бищун берцинаб бакIги тIаса бищун, хIажатал документалги хIадурун, Тажирица рала квегIенал гьалбадерил

рукъзал – коттеджал. Рачуна киналго коммуникациялги.

Гьедин, берцинаб тIабигIат бугеб бакIалда ХIажимухIамадовазул хъизаналъ рагьула хIухьбахъиялъул база. ЦохIо гьеб бизнес гуребги, гьезул рукIана батIи-батIиял хIалбихьиял. Цо-цо мехалда иш бигьаго цебе билълъунеб букIинчIо, захIматаб ахIвал-хIалги букIана.

– Нижер букIана батIи-батIиял ишазда щвараб хIалбихьи ва гьеб кидаго хIисабалде босулаан. Нижеца мухIканаб цIех-рех гьабуна киналъулго, рагIа-ракьанде щун лъазабуна щиб гIадамазе хIажат бугебали, ва гьелъул кьучIалда гьабуна хIукму. Бокьун букIана гIададаб хIухьбахъиялъул база гуреб, унго-унголъунги ракI тIаде цIалеб ва киналго шартIал гIуцIараб бакI гьабизе, – ян бицана Наидаца. – Гьеб заманалда районалда букIана риидал гIемер гIадамал рачIунеб чанго туристазулаб база. Нижеда бичIчIана гьеб церетIезе ресал цIикIкIараб бакI букIин ва «Цогидаз гьабуралъухъги балагьун, гьездаса лъикI гьабе» абураб принципалда рекъон байбихьана хIалтIизе. Гьедин, «Хапилил гьалбадерил азбар» абун цIар тараб бакIги рагьун, нижеца гьалбадерие рес кьуна киналго шартIаздалъун хьезабураб, гьайбатаб тIабигIаталдаса лазат босизе рес бугеб бакIалда хIухьбахъи гьабизе.

Туристазул база рагьун чанго моцIидасан Наидахъе рачIуна тIоцересел гьалбал ва цIакъ разиго хутIула.

– Югалъулаб Дагъистан ккола, цохIо туризмалъул рахъалъ машгьураб бакI гуребги, сверухъ гьалбал хIайран гьарулеб берцинаб тIабигIат бугеб бакIги. МугIрузда тIабигIаталъ рес кьола шагьаралъул ахIи-хIуралдаса хIалхьи гьабизе. Амма захIмалъаби камун рукIунаро гьанибги. Гьездасан ккола логистикаялъул суалал ва Интерненталъулгун бухьен чIезаби.

Бугеб ахIвал-хIалалъул хIисабалде босун, Наидаца хIукму гьабула гьалбадерил рукъалъул хIалтIи ракIчIараб бронированиялъул (гаранти-





рованное бронирование) схемаялда рекъон бачине. Хеккого ругьунлъула цӀияб къагӀидаялдеги.

Гьезул гьалбадерил рукъалъул хаслъилъун ккола гӀодобе биччараб ахӀвал-хӀалалда хӀухьбахъи гьабизе санагӀалъи бугеб бакӀ букӀин. Гьенире рачӀуна шагьаралъул хӀалуцараб гӀумруялдасаги хӀалтӀулал чатазде рачӀунел сообщениялдасаги свакарал гӀадамал. Базаялъул территориялда гьезул рес буго, берцинаб тӀабигӀаталдаса лазатги босун, гӀодоре риччараб ахӀвал-хӀалалда хӀухьбахъи гьабизе.

Рехсараб гьалбадерил рукъ ккола гӀодобе биччараб хӀухьбахъи гьабиялъе бихьизабураб бакӀ. Гьениб букӀунаро кечӀ-бакъанги гьекъелмехтелги. Амма рада-радал хӀанчӀаз рачунел бакъназухъ гӀенеккизе рес буго.

– Нижер гьединаб бербалагьи буго туризмалъул бизнесалдехун. Узухъда, гьединаб кьварараб политикаялъ гӀезегӀан клиентал гьоркьор аниги, нижер буго рахӀаталда хӀухьбахьи гьабизе бокьулезул хасаб контингент. Нижехъе рачӀарал гьалбадерил рес буго Хучни чваххело бихьизе. Нижер базаялда аскӀобго буго машгьураб анкьго вацасулги цо яцалъулги хъала. Хъалаялда аскӀобго буго тарихиябгун этнографиялъул музейги. Хал гьабизе бегьула Хустиль росдада аскӀоб бугеб, жанире анагӀан чанго рукъ батулеб, Дюрк нохъоялъухъги.

***ГӀагараб ракьалде кӀудияб рокьигун ва гъира-шавкъалда бицунеб букӀана Наидаца жидерго хъизаналъул гӀаммаб ишалъул хӀакъалъулъ. Жеги цӀикӀкӀун Табасараналъул ва Дагъистаналъул хӀакъалъулъ тӀолабго улкаялда лъазе букӀине, ХӀажимухӀамадовазул хъизаналъ гьеб рокьи барахщичӀого бикьулеб буго тӀаде рачӀарал гьалбадерие.***

*Виолетта Ратенкова*

Альпият
ХIажиева



# ТIехь букIине буго

***Жакъа къо бахъанагIан цIикIкIунеб буго кагътил тIохьоде бербалагьи. Бищунго кIвар буссун буго тарихияб прозаялде ва ватIанияб документалистикаялдегун публицистикаялде. ЦIалдолесе интерес буго нилъер улкаялъул тарихалъул, гьелъул гIадатазул, гIемерпмиллатазулаб халкъалъул, махщелазул, магIишат-яшавалъул. Гьелъул щибаб ккола цебе араб ва гьанжесеб тарихалъул бутIалъун.***

Гьелъие гьабулеб хIалтIи хIисабалде босани, «Дагъистан» Издательствоялъул рукъ ккола, тIахьал къватIире риччаялъул рахъалъ, гIицIго нилъер республикаялда гуребги, тIолабго улкаялдаго цебесеб кьерда бугеб басмахана. Хасаб литератураялдегун аналитикаялде цIайи цIикIкIараб жамгIияталъул интересалги хIисабалде росун, гьелъ къватIибе биччала «чIагояб рагIи».

Басмаханаялъул хIалтIулъ хасаб бакI ккола миллиял мацIазул адабияталъ, къанагIатал некIсиял асарал рахъиялъ ва гьелъ гIун бачIунеб гIелалъул рахьдал мацIалдехун рокьи бижизабула. Гьелъул хIаракатчилъиялда гъорлъ дагьал гьечIо, жал такрарлъи гьечIеллъун ва тIахьазул дунялалъе цIилъилъун кколел проекталги планалги.

Кинабха бугеб тIехьалъул букIинесеб? Жиндирго пикраби загьир гьаруна «Дагъистан» басмаханаялъул директор ГIумаргIусман ХIайбулаевичасул яс, редактор Альпият ХIажиевалъ.

– Ахир заманалда бищунго кIвар бугел кинал лъугьа-бахъинал ккарал басмаханаялда?

– ЗахIматаб заманаги нахъа тун, пачалихъгун рекъон хIалтIулаго, цебетIун бачIинеб буго басмахана. Пачалихъияб кверчIвай ва цIалдолезул тIалаб букIин гуребги, гьеб цебетIеялъе аслиял гIиллабаздасан ккола, басмаханабазул къадар цIикIкIунеб букIин бихьизабулел, санайил гIемерлъулел ругел творческиял конкурсал. Нижер басмаханаялъул кIвар бугел лъугьа-бахъиназдасан цояблъун ккола кIудияв шагIир Расул ХIамзатов гьавуралдаса нусго сон тIубаялда хурхун хIадурараб «Росдалги планетаялъулги поэт» абураб проект. ГIаммаб къагIидаялъ къватIибе биччана къого тIехь. Гьезда гъорлъ руго шагIирасул тIаса рищарал асарал, тематикиял мажмугIал, гьесул гIумруялъул ва творчествоялъул хIакъалъулъ тIахьал.

Араб соналъ нилъер улкаялда тIоритIарал халкъазда гьоркьосел лъабго кIудиял церелъеязда рехсараб проекталъул цIакъ лъикIал хIасилал ккана. ТIоцебе букIана, Башкириялъул тахшагьаралъ 450 сон тIубаялда хурхун, Уфа шагьаралда тIобитIараб «Китап-Байрам» абураб халкъазда гьоркьосеб ярмарка. Гьелда гIахьаллъи гьабуна 233 издательствоялъ, улкаялъул 18 регионалдаса ва 8 пачалихъалдаса тIахьал ричулел гIуцIабаз. Цебелъеялъ бижизабуна гIатIидаб жамгIияб интерес. ГIаммаб къагIидаялъ гьелде вачIун вукIана I30 азаргоялдасаги цIикIкIун чи. Россиялъул басмаханабазулгун бухьен букIиналъ рес кьуна нижерго пишацоязул печаталъул продукциялъулгун лъай-хъвай гьабизе гуребги, нижерго хIалтIулаб бечедаб хIалбихьи цоцазухъе кьезе ва тIахьал къватIире риччаялъул бутIаялда ругел цIилъабазул бицине. Ниж цIакъ рохун рукIана ярмаркаялда Дагъиста-

налъул авторал ва тарихиялгун гIелмиял проектал рихьизаризе рес щвеялдаса.

Нижеда бергьенлъи щвезе ракIалда букIанищан гьикъани, кIвар буссинабилин абураб божи букIана. ХIакъикъаталдаги, нижер стендалде кIвар буссинабуна гIицIго цIалдолез гуребги, тIахьазул издателазги. Стендалъе тIадегIанаб къимат кьуна Башкириялъул БетIер Радий Хабировасги.

Ярмарка къалаго тIобитIана «Урал-батыралъул ракьалда лъагIалил тIехь» абураб конкурсалда бергьенлъи босаразе шапакъатал кьеялъул тадбир. БатIи-батIиял даражабазул гIемерал шапакъатал рукIана, амма Гран-При цо гурони букIинчIо! Ва гьеб щвана «Росдал ва планетаялъул поэт» абураб нижер проекталъе. ТIоцебесеб нухалда щвана Дагъистаналъул Басмаханаялъе гьединаб тIадегIанаб шапакъат. Гьединго Башкириялъул нухмалъулесул цIаралдасан сайгъатги лъугьана цоги нижее кьураб тIадегIанаб къиматлъун.

Хадусеб букIана щибаб соналъул июнь моцIалъул байбихьуда Москваялда тIобитIулеб «БагIараб майдан» абураб Халкъазда гьоркьосеб ярмарка. Гьениб тIобитIана «2023 соналъул бищун лъикIал тIахьал» абураб тIахьал риччалезул Ассоциациялъул конкурсалда бергьенлъи босаразе шапакъатал кьеялъул тадбирги. Нижее щвана «Классикияб художественнияб адабияталъул бищун лъикIаб издание» абураб къиматаб номинациялъул лауреаталъул диплом. Гьединго Расул ХIамзатовасул «ТIасарищарал асарал» тIехьалъухъ нижер басмахана мустахIикълъана «ТIехьалъул искусство» абураб номинациялъул хасаб дипломалъе. Амма бищунго кIудияб бергьенлъи букIана конкурсалъул аслияб приз – Гран-При щвей!

ХIакъикъаталдаги гьеб букIана нижее кIудияб бергьенлъи. Гьанибго абизе ккола, кIудияв шагIирасул нусго сонилаб юбилей кIодо гьабизе Указ бахъарав улкаялъул Президент Владимир Путинил ва Сергей Меликовасул бетIерлъуда республикаялъул нухмалъиялъул кверчIвай букIинчIебани, гьединаб кIудияб проект гIумруялде бахъинабун бажарулароанилан.

Гьелдаса къечIеб лъугьа-бахъин балагьун чIун батана, Россиялъул Цифровияб цебетIеялъулгун бухьеналъул министерствоялъул ва Россиялъул тIахьазул Союзалъул цадахъаб хIаракаталдалъун Москваялда «Экспо-Централда» гIуцIараб, 37-абилеб Москваялъул Халкъазда гьоркьосеб тIахьазул ярмаркаялда нижехъ. Гьеб букIана тIахьазул ишалъул рахъалъ Россиялъул чемпионат гIадаб тадбир.

СКФОялъул, Дагъистаналъул ва «ЛъагIалил тIехь» Миллияб конкурсалъул Гран-приялъул тарихалда жаниб, тIоцебесеб нухалда щвана регионалияб тIахьазул басмаханаялъе гьединаб тIадегIанаб къимат.

Нижеда бичIчIулаан гIезегIан мустахIикъал конкурентал рукIинги. Къецазул аслияб шапакъаталъе гIоло къеркьолел рукIана улкаялъул бищунго лъикIал басмаханаби. Ай, Россиялъул 30 шагьаралдаса 135 издательствоялъул 1200 проект! «ЛъагIалил тIехь» номинациялъул хIасилал гьаруураб сияхIалде ккана Россиялъул бищунго кIудиял басмаханаби – «Кучково поле» (Москва), «Враслен» (Москва), «Росспэн» (Москва) ва нилъер «Дагъистан». Гьединаб сияхIалде рорчIигицин нижее кIудияб рохеллъун букIана. Хадуб, Президентасул кумекчи Владимир Мединскияс байрамалъулаб тадбиралда нижер проект бергьанин абидал, залалъ гьеб къабул гьабуна халатбахъараб хъатчIваялдалъун. Дунги цIакъ йохун йикIана гьеб форумалда тIахьазулаб Дагъистан бихьизабизе щвеялдаса ва кутакалда рази-ракиго къабул гьабуна Мединскиясул кверзухъан нижее щвараб шапакъат. Гьеб лахIзаталъул кIвар бичIчIиялъе, гьаниб бицинчIого гIоларо «ЛъагIа-

лил тIехь» абураб премия улкаялъул тIахьазул бутIаялда бищунго къиматаб кколеблъи. Конкурс тIобитIулеб буго 25 соналъ. Ва гьелщинал соназ рехсараб приз щолаан гIицIго улкаялъул тахшагьаралъул басмаханабазе. Гьедин, нилъер «Дагъистан» басмахана ккана гьединаб хIурматияб шапакъаталъе мустахIикълъараб тIоцебесеб регионалияб издательстволъун.

***– Гьединал тIадегIанал шапакъатал щвей ккола «Дагъистан» басмаханаялъул рукъалъул хIалуцараб хIалтIул хIасил. Гьелъулъ бихьулеб буго кIванагIан цIикIкIун цIалдолезул къадар тIехьалде буссинабиялъул мурадалда тIобитIулеб политика.***

– Дагъистаниязда лъикI лъала нижер тIахьал. Ниж ккола тIахьазул халкъазда гьоркьосел ва регионалиял церелъеязулгун ярмаркабазул кидагосел гIахьалчагIи. Гьел церелъеязда цIалдолезул рес букIуна нижер тIахьазулгун лъай-хъвай гьабизе. ЛъагIелалдасаги цIикIкIун мех балеб буго тахшагьар бакьулъ Расул ХIамзатовасул цIаралда бугеб Миллияб библиотекаялъул минаялда жаниб нижер басмаханаялъул тукен хIалтIилеб бугелдаса. Тукадул хъарщазда рихьизе бегьула батIия-батIияб тематикаялда 200-ялдаса цIикIкIун тIехь ва В. Морковинил «Дорогами и тропами Дагестана» гIадал къанагIатал изданиял. Гьенирго руго туристаз цIакъ цIехолел тIахьалги. Расул ХIамзатовасул творческиял мажмугIазул гурелги, гIезегIан машгьурлъи буго батIи-батIиял конкурсазда призал щвараб республикаялъул халкъияй поэтесса Фазу ГIалиевалъул «ТIасарищарал асарал» абураб тIехьалъулги. Гьединго машгьурал фотодокументалистал Камил Чутуевасул ва гьесул эмен, Дагъистаналъул тIоцересел суратчагIазул цояв Амин Чутуевасул «Къарнуялъул портрет: Дагъистаналъул 20-абилеб гIасруялъул тарих суратаздалъун» фотоальбомазулги. Дагъистаналъул цIалдолез кIвар буссинабула республикаялъул миллиял классиказул гIурус мацIалде руссинарурал тIахьаздеги. Гьел ккола Сулейман Стальскиясул, Йирчи Хъазахъил, ГIумарил Батирайил ва ЦIадаса ХIамзатил асарал.

Издательствоялъ къватIире риччарал цIиял тIахьазул хIакъалъулъ бицуна нижер телеграм-каналалъ. Нижер изданиязулгун лъай-хъвай гьабизе ва гьел росизе бегьула интернет-тукабаздасанги (маркетплейс). Гьелъ нижее квербакъула Дагъистаналъул мугIрузул росабалъ ва Россиялъул рикIкIадисел регионазда ругел цIалдолезулгун щулияб бухьен ккезе. Гьединго ракIалда буго нижер продукция бичулеб хьвадулеб автолавка хIалтIизе биччазеги. Гьелдалъун нижеца гъорлъе рачине руго машгьурал туристазулал локациял, гIадамаз хIухьбахъи гьабулел бакIал ва гь. ц.

***Басмаханаялъ батIаго къватIибе биччалеб буго СВОялда хурхараб публицистикияб литератураги. Гьел ккола Украинаялъул ракьалда бахIарчиго жидерго налъи тIубазабулел ругел Дагъистаналдаса хасаб операциялъул гIахьалчагIазул хIакъалъулъ бицунел материалал. Дагъистаналдаса вуго СВОялъул 15 Россиялъул БахIарчи ва гьезул щивасул хIакъалъулъ бицунеб материал ккола хадусел гIелазги жиндаса пайда босизе бугеб тарихияб документ. КIудияб Бергьенлъиялъ 80 сон тIубаялде нижеца цIидасанги къватIире ричалел руго бищун лъикIал тарихиял материалал, рахъулел руго цIиял тIахьал. Гьелдалъун нижеца хIаракат бахъулеб буго Дагъистаналъул халкъалъул бахIарчилъи даимго цIунизе.***

*ГIайшат ТIажудинова*



# Гъизляр

Жакъасеб Гъизляр шагьар бугеб бакІалда XVI гІасруялда кьучI лъун букІана гІурусазул гІорхъаби цІунизе рарал Терки-I (1567) ва Терки-3 (1589) хъалабазе. Гъизляр абураб гІадамаз гІумру гьабулеб бакІалъул цІар тІоцебе рехсолеб буго 1652 соналда.

Гъизляралъул тарихалда кІвар бугеб лъугьа-бахъинлъун ккола **Петр I** шагьаралде щвей. Гьесие цебего интерес ккун букІуна Терекалда ругел гІурусазул ракьазул. ЦІибил гІезабизе, чагъир бахъизе, чилай гьабизе ва пиринчІ бекьизе бищунго лъикІаллъун рикІкІунаан гьел ракьал императорас. Россиялда гьанжего гьанже раккизе байбихьун рукІуна магІишаталъул гьел бутІаби, гьебги Терекалъул ва Астраханалъул ракьазда.

ТІоцебе Петр I Терекалде вачІуна 1722 соналъул июль моцІалда, Дербенталде унаго, къокъаб заманаялъ гьесул флотилия Терек гІор ралъдалъе чвахулеб бакІалда лъалхъараб мехалъ. Амма гьеб нухалда гьесул цохІо Терки-3 шагьаралде щвезе гурони заман гІоларо.

КІиабилеб нухалъ Петр гьениве вачІуна гьебго соналъул хаслихъе, Дербенталдаса Россиялде тІадвуссун унаго. Сентябралъул ахиралда гьев щола Терскалъул (Брагуназул) ракьулъан бухІараб лъим бурулел бакІазде (горячие источники) ва гьезулъ чвердола. Гьеб заманалда, хадубккун хъала базе бугеб ракьалда букІуна Гъизляралъул къайи-къоно баччиялъе хІалтІизабулеб, рагъулал отрядазги даран-базаралъул гумузги жиндаса пайда босулеб, гІор бахине санагІалъи бугеб, дагьаб гурони лъел гъварилъи гьечІеб бакІ. ЦІогьаздасагун хъачагъаздаса гьеб цІунизе чІезабун букІуна хасаб караулги. Амма 1725 соналда, лъим тІаде бахиналъул (наводнение) хІасилалда, поселение тІубанго биххула.

Гьелдаса хадуб гІезегІан санал уна ва гІицІго 1735 соналда генерал-аншеф **В. Левашовас** Терекалъул квегІаб

рагIалда тIоцебесеб гIурусазул хъалаялъе кьучI лъола. Гьелдаса нахъе Гъизляр лъугьуна Шималияб Кавказалда даран-базаралъул центрлъун.

БатIи-батIиял гIелаз цоцазухъе кьун щвана нилъехъеги, гьеб ракьалда гIумру гьабун гIемерал берцинал ясал рукIанилан абурал харбал ва гьелдасан бачIараб бугин Гъизляр абураб цIаргиян. Тюрказул мацIалда «гъыз» алъул магIна – «яс», «ляр» ин абуни гIемерлъул форма бихьизабулеб рагIи ккола.

Амма тарихчагIазда Гъизляр абураб рагIиялъулъ бихьулеб буго тюрказул мацIалда «багIараб рагIал» (кызыл + яр) абураб магIна. Гьеб тасдикъ гьабулеб буго хронологиялъги: хъалаялда цIар лъун буго гIоралда бугеб цIаралдаса хадуб. Кин букIаниги, гьеб шагьаралъул хIакъалъулъ рехсарал бакIал ратулел руго гIемерал некIсиял хъвай-хъвагIаязда.

Кавказалъул рагъул заманалда, Надиршагьас, шейх Мансурица ва ГъазимухIамад имамас гьарулел тIадекIанцIияз жагъал гьарулел рукIана хъалаялъул щулалъаби. Хъалаялъ бана нусгоялдасаги цIикIкIун сон, 1858 соналъин абуни гьелъие кьуна шагьаралъул статус. 1922 соналда шагьар бачана Дагъистаналъул АССРалде гъорлъе, 1937-1944 соназда гьеб букIана Орджоникидзел (Ставрополалъул) краялда гъорлъ, I944 соналдаса нахъе Грозный областалда гъорлъ, ахирги, 1957 соналда тIадбуссана Дагъистаналде.

Жиндирго гIемер гIасрабазулаб тарихалда жаниб Гъизляралде щвана гIемерал машгьурал гIадамал. ТIоцебесеб иргаялда, тIадехун рехсарав **Петр I**. Гьев кIицIулниги щвана Гъизляралъул басрияб поселениялде: 1722 соналъул риидаги хаслихъеги, Персиялде гьабураб походалъул заманалда. Гьесул указазда хурхарал руго Гъизляралъул гIумруялда ккарал хиса-басиялги. ГIуцIула Каспий ралъдал ва гьелда аскIор ругел территориязул гIелмияб карта. Гьел указазул кьучIалда байбихьула минералиял источниказул ва Каспиялда ругел нартил магIданазул цIехрех гьабизе. Байбихьула жибго нарт бахъизеги ва гьелъ рес кьола Россиялъулгун даран-базаралъул бухьенал гIатIид гьаризеги.

Императрица Анна Иоановнаялъул буюрухъалда рекъон генерал **Василий Левашовасе** бихьизабун букIуна киналго шагьаралъул учреждениялгун цадахъ Гъизляралъул хъалаялъе кьучI лъезе. Левашов ккола 14 соналъ Кавказалда хъулухъ гьабун вукIарав гIурус армиялъул гьунар бугел рагъу-



лал генералзабазул цояв, Петр I хасаб божилъиялда вукIарав, гьесулгун пикруцояв.

Гъизляралъул хъалаялъул щулалъиялъул халгьабизе, 1779 соналда инспекторлъиялъул сапаргун, вачIуна **Александр Васильевич Суворов**. Къей лъаларев кIудияв бодул цевехъан гьел ракьазде щола 1799 соналъул февраль моцIалда.

1765 соналда, гуржиязул князазул некIсияб тухумалъул наслулъун кколеб полковникасул хъизамалда гьавуна **Петр Иванович Багратион**. 1782 соналда князь Потемкиница гьев витIула Кавказалъул мушкетеразул полкалде. Гьедин байбихьула, аслияв командующиясул цIаралда вукIаго щвараб хвалил ругъуналъ гьоркьоб къотIизабураб, ВатIанияб рагъул бахIарчи, Багратионил рагъулаб хъулухъ. «Россиялъул армиялъул бищун лъикIав генерал», – ян абун буго живго Наполеоница гьесул хIакъалъулъ.

Щвана гьениве **Михаил Юрьевич Лермонтовги**. «Гъизляралдасан ана Таманалде щвезегIан, вахана мугIрузде, щвана Шушаялде, Кубаялде, Шемахалде…», – ян хъвана гьес. Лермонтов гIезегIан мехалъ гIумру гьабун вукIана Шелковской станицаялда ругел, Россиялъул тIоцебесеб чилайдул завод гIуцIарав, армяназул купец Сафар Васильевасул наслуялъул жиндирго гIагарлъиялда аскIов. ДандчIвалаан хъазахъалгун ва гIенеккулаан гьезул харбазухъ. Гьедин, Лермонтовасул бижула «Дары Терека» абураб баллада хъвазе пикруги. Гьединго Кавказалда рижарал руго гIурус адабияталъул машгьурал асарал «Демон» ва «Мцыри» поэмаби ва «Нилъер заманалъул бахIарчи» роман.

**Николай Иванович Пирогов** щвана Дагъистаналъул гIемерал бакIазде, цадахъго Терекалъул гIодорлъабаздеги. Гьес медикал ругьун гьарулаан рагъулал тунка-гIусиязда жинцаго рагьарал цIиял гIелмиял балъголъаби практикаялда хIалтIизаризе. Гъизляралда Пироговас гIуцIана холераялдегун маляриялде данде къеркьолел сах гьариялъул учреждениял. Гьеб ракьалда вукIаго, Пироговас гьаруна тIоцересел экспериментал, бахъана наркоз ва багъарулареб гипсалъулаб повязка. 1847 соналъ, Гъизляралда вукIаго, гьес рагъулаб госпиталалъе сайгъат гьабуна жинцаго ургъараб наркозалъул аппарат. Чан чиясул гIумруха гьелъ хвасар гьабураб ва чан рагъухъан хIехьезе кIолареб унтудаса хвасар гьавурав!

1851–1854 соназда рагъулаб хъулухъалда Кавказалда вукIана **Лев Николаевич Толстой**. ГIахьаллъи гьабуна рагъулал тунка-гъусиязулъ, гIемераб мех бана Старогладовская станицаялда гIумру гьабун. Чанги щолаан Гъизляралдеги. Рагъулаб хъулухъалда ругел гьудул-гьалмагъзабигун цадахъ гьес Гъизляралъул нухазул рагIалда чIана гъутIби. Гьениб къалмиде росана «Казаки» повесталъул героязул образал. Гъизляралда гьарурал хъвай-хъвагIаязул гIемерисел хIалтIизаруна хадубккун Кавказалъул темаялда хурхарал «Хаджимурат» ва «Кавказский пленник» асарал хъвалаго. Гъизляралдасан битIула «Современник» журналалъул редакциялде гьесул «Детство» абураб тIоцебесеб повесть.

«Лъабго мушкетер» романалъул автор **Александр Дюма** 1858–1859 соназда Кавказалда тира-сверулев вукIуна. Гьеб сапаралда хурхун биччала кIиго тIехьги. Цоялда цIар лъола «На Кавказе» абун.

1888 соналда Гъизляралъул ракьалда ччугIби кколеб артелалда хIалтIилев вукIана **Максим Горький**. Жиндирго лъаялъги, къвакIиялъги, пикруялъул бегIерлъиялъги гьес ччугIихъаби асир гьарула. Гьелгун гара-чIварулаго, гьесда ратула жиндир рукIинесел асаразул героязул образал. Гьесул тIоцересел асаразул цояблъун кколеб «Мальва» повесталъул героязул прототипаллъун ккола Крайновкаялъул ччугIихъаби.

***ХIадурана Гульнара Асадулаевалъ***

# ГIакъиллъиги цIодорлъиги…

Ясал, рачIая, цо гIакъилаб хабар бугин дир нужее. Гьанжего гьанже гIунтIана дун гьаб гIелмуялда хадуй… Дун гIадин нужги кватIичIого рукIине, бицун телин.

ГIакъилав бихьинчиясе цIодорай гурони чIужугIаданги данде кколей гьечIо. ЦIорай чIужугIаданги гIабдаласе инищха… Амма, чIужугIадан йикIине кколей йиго гIасссиго цIодорай. Гьеб цIодорлъиги кидаго бахчун букIине кколеб буго бихьинчиясул гIакъиллъиялда нахъа. Гьедин гьечIони жо кколеб гьечIо.

ГIакъиллъиялда нахъа цIодорлъи бугебгIан заманаялъ, талихIги букIунеб буго гьезда цадахъ, кибего кьуричIого.

Гьадаб чIужугIаданалъул цIодорлъи бихьинчиясул гIакъиллъиялда цебе кIанцIани – хвана кинабго…

Кинабго гуро – гьалъул цIодорлъиялъул иш лъугIулеб буго гьадаб бакIалдаго… гьасул гIакъиллъиялда цадахъ. Хъван батугегийин!

Гьединлъидал, гIакъиллъиги букIине кколеб бугоха цIодорлъи нахъа бахчун бажарулеб гIадаб кIудияб ва къуватаб. Нагагь гIакъиллъи гьитIинлъун тIеренлъун лъугIани, бокьаниги бокьичIониги цIодорлъи цебе кIанцIичIого хутIулеб гьечIо. ГIакъиллъиялъ, нахъаса къотIичIого, жиндирго черх лълъадаризе кколеб буго, къуват загIиплъичIого букIине. Доб цIодорлъи цIодораб жо букIунелъул, долдаса бахчун бажарилищха гIакъиллъи загIиплъи?

ЦIодорлъиги цIодораб гIамалалда букIине кколеб буго, гIакъиллъиялда жиндасаги цIодораб цIодорлъи бихьичIого букIине.

Гьеле гьедин, гIакъиллъи цебе тун, цIодорлъи нахъа чIун гьабуни гIумру, кинабго битIа-бишун кколеб буго.

Малъизе дун йикIинги, нужерго талихIха))).

***Баху МухIидинова***





Елена
Ельникова

# ЧIужугIадан – мугIрузул ракI!

***– Дун ккола лъабабилеб гIелалда дагъистанияй, – илан чIухIигун бицунеб буго жиндирго хIакъалъулъ Дагъистаналъул Халкъияб Собраниялъул миллияб политикаялъул, жамгIиял ва диниял цолъабазул ва парламентазда гьоркьосел бухьеназул Комитеталъул Председатель Елена Анатольевна Ельниковалъ. – Дун гьаний гьаюна, гIуна ва хъизангун гIумру гьабун йиго. Дир кIудияв эмен Дмитрий Ельников вукIана бакIал ралев чи ва гьев кIодоэбелгун 1938 сональго рачIана Ставрополалдаса Лаваши районалде, Хважалмахиялдаса Ташкапуралде кьо базе. Гьениб гьез гIумруги гьабуна КIудияб ВатIанияб рагъ байбихьизегIан. КIудада армиялде ахIана, ва кIодоэбел гьитIинай яцгун ва васгун (дир эменгун) МахIачхъалаялде рахъана. Гьаниб гьелъ рухъизе ккана хандакъал, хIалтIана порталда. 1942 соналъ кIудияв эмен рагъда чIвана ва гьелда хIалхьезегIан къоролльиялъул кьогIлъи лъана. Эмен, школаги лъугIун, ЖККХялда хIалтIана.***

Дагъистан ватIанлъун лъугьана Еленал Анатольевналъул эбелалъегун кIодоэбелалъеги. Гьалъул эбел Анна Сергеевналъул букIун буго гIицIго 14 сон эбелгун цадахъ гьей Дагъистаналде яхъунелъул. КIодоэбел унтун йикIиналъ, гIолилай хIалтIизе ккола лъималазул ахалда нянечкалъун. Къаси-къаси гьей хьвадулаан школалде. Аттестат щун хадуб лъугьуна ДГУялъул историялъул факультеталде. Гьелда кидаго рекIелъ хинлъигун ракIалде щола цIалулей йикIараб талихIаб заман. Рокьигун ва адабгун рехсола жиндирго преподавателал, гьезда гьорлъ факультеталъул профессор Расул МухIамадовги. Университетги лъугIун эбел тIадюссана «жиндирго ясли-ахалде» ва нахъа тана тарбиячIужуялдаса бахъараб заведующаялъун (хадуб МахIачхъалаялъул №52 Экспериментализб прогимназиялъул директорлъун) яхъунеб нух.

– Ункъабилеб курсалда эбелалъул лъай-хъвай ккола инсулгун ва гьесие уна. Дир йиго гьитIинай яцги. Гьейги, дунго гIадин, педагог йиго. Абизе бегьула, гьеб нижер хъизаналъулаб махщел бугилан.

Гьоркьохъеб школалда цадахъго Лена цIалулей йикIана музыкалияб школаллдаги. ЦIализе лъугьана Готфрид ХIасановасул цIаралда бугеб музучилищеялъул фортепианоялъул классалде. Музыкалияб искусствалде гьединаб рокьи ясалъул бижиялъе квербакъана гьелъул педагог Светлана Георгиевна Папаяница, директор, махщел тIокIай хормейстер Наида ГIабдулхIамидовна ГIабдурахIмановалъ. ГIолилалъ рехун толаро цIали: гьелъ лъугIизабула ДГПИялъул музыкалиябгун педагогикияб факультет, хIалтIула асисстентлъун, музыкалиял алатазул кафедраялъул кIудияй преподавательлъун. Цадахъго цIалула аспирантураялда.

– Дир махщалие аспирантура Дагъистаналда букIинчIелъул, диссертация хъвазе дица байбихьана профессор Джафар Маллаевасул нухмалъиялда гьоркь, коррекционияб педагогикаялъул кафедраялда. Гьеб цIунана Москаялда, коррекционияб педагогикаялъул институталда, дир кIиабилев нухмалъулев профессор Л. И. Плаксинил малъа-хъваязда гьоркь.

Елена Ельникова лъабго сонгIан мехалъ хIалтIана Москваялда:

Москва шагьаралъул пединституталъул НИИСОялда кӀудияй гӀелмияй хӀалтӀухъанлъун, гӀелмиялгун цӀех-рехалъул хӀалтӀабазул координациялъул ва планал рахъулеб Управлениялда отделалъул начальниклъун.

– Гьеб заманалда жаниб дие щвана дарсал кьеялъул, цӀех-рехалъул хӀалтӀул кӀудияб хӀалбихьи. Москваялъ лъадарана дир гӀамал. Амма Москваялда йигебгӀан заманалъ дун урхъун йикӀана ВатӀаналъухъ: жеги бецӀго букӀаго йорчӀизаюлеб Таркиялъул михӀмаралъусан ахӀулеб какихъ, ралъдахъ, гьорохъ, тӀегьалеб акациялъул махӀалъухъ. ТӀадюссана…

Хадуб рукӀана Дагъистаналъул халкъияб лъай кьеялъул ва гӀелмиял хӀалтӀухъабазул профсоюзазул Республикаялъул гӀуцӀиялда гӀаммаб профессионалияб лъайкьеялъул отделалъул начальникасул, лъималазул социалибгун реабилитационияб «Детская личность» муниципалияб централъул, «Начальная школа-детский сад № 52» МБОУ ялъул директорасул хӀалтӀаби.

– 2015 соналъ дун цее яхъине кколаан республикаялъул руччабазул форумалда. Дица гьениб бицана нилъер васаз хъачагъал гъуриялъулъ бихьизабураб къохӀехьеялъул, руччабазул сабуралъул, террористаздехун гӀадаб бербалагьи дагъистанияздехун букӀин къабуллъунгутӀиялъул. Халкъияб Собраниялде кандидатура лъезе кколин абуна дида доб цееяхъиналдаса хадуб.

РекӀелъ хинлъигун ракӀалде щвезабуна Елена Анатольевналъ Дагъистаналъул Пачалихъияб Советалъул Председатель МухӀамадгӀали МухӀамадович МухӀамадовасул жиндихъего телефоналдасан кӀалъай.

– Гьеб букӀана дир хӀалтӀул тӀоцебесеб къо. Секретаралъ абуна дихъе МухӀамадгӀали МухӀамадович кӀалъалев вугилан. Дун тамашалъана: «Дов МухӀамадгӀали МухӀамадовичищ»? «БатӀияв нилъер гьечӀоха». МухӀамадгӀали МухӀамадовичас дида баркана, абуна жиндица дие гьаракь кьунилан ва Дагъистаналъе дидаса пайда букӀиналда ракӀ чӀолилан. Гьесго гьесизаюна дун инсул ватӀан Ташкапуралде сапар бухьинеги. Гьениб дун кӀудияв инсуцаго бараб кьодасан йилълъана.

– Мун ккола «Единая Россия» партиялъул членги партиялъул «Женское движение Единой России»





проекталъул республикаялда координаторги. Бице гьелъул мухIканго.

– Гьеб ккола 80 регионалдаса 100 000 чIужугIадан цолъизаюраб федералияб проект, киналго гIелазул руччабазе жидерго анищал ишал, гьунарал церетIезаризе рес кьолеб платформа. Гьенир руго волонтералги, жамгIиятчагIиги, политикалги предпринимателалги, СВОялъул гIахьалчагIазул хъизаназдаса руччабиги, гIемерлъималазулал улбулги.

Нижеца бачуна лъай кьеялъулаб хIалтIиги – тIоритIула руччабазул сахлъиялдасан, бизнес гIуцIиялдасан семинарал. РакIалда буго «ЧIужугIадан политикаялда» гургинаб стол тIобитIизе. Эксперталлъун ахIизе руго Пачалихъияб Думаялъул депутатал, цересел ва гьанжесел руччаби-политикал.

Амма нижер хIалтIул аслияб масъала ккола СВОялъул гIахьалчагIазул хъизаназе кумек гьаби, Дагъистаналъул руччаби ругьунал руго бихьараб хIехьон чIезе, амма киназего хIажалъула ракI батизабулеб каламги ургъел гьабиги.

Гьезда бичIчIула жал жидерго къварилъигун рехун тун гьечIеблъи, гIемерго дандчIвала СВОялда тIоцевесев Россиялъул Герой НурмухIамад ХIажимухIамадовасул эбел Сапижат Мазаевагун, «Цолъиялъулъ буго къуват» гIуцIиялъул гIахьалчагIигун (гьелъие нухмалъи гьабула Россиялъул БахIарчиясул лъади ПатIимат Пайзулаевалъ). РехсечIого гIоларо БахIарчилъиялъул орденалъул кIицIул кавалер Руслан Примовасул эбел Айидаги. Гьелъ Запорожьялдаса Дагъистаналде гьоболлъухъ ахIун рукIана жиндирго васас хвасар гьурурал Морковкиназул 8 лъималазулаб хъизан. Сапаралъе квербакъана сенатор Ильяс ГIумахановас.

Нижеца хIалтIи бачуна, гIицIго руччабазул гIуцIабазулгун гуреб, СВОялъул ветераназул «Память гор» организациягунги.

***– Руччабазул гIуцIабазул инициативабазул рахъ ккола живго республикаялъул БетIер Сергей Алимович Меликовасги. КIочон тезе бегьуларо нилъер рахIатаб, парахатаб гIумру букIиналъухъ дора рагъда лъимал ругел умумузе нилъ налъулал рукIин. Бихьинчи мугIрузул къадру ватани, чIужугIадан, нилъер гIумру гвангъизе ва хинлъизе гьабулей, мугIрузул ракI йиго!***

*Ажа ГIабдурахIманова*

# Мая ГІалиева



# Рахьдал мацIалъул мугIалим

«ГIаданлъиялъул рахъалъ мугIалимасукьаги къун чIоге,
– ян абун буго мугIалимас».

*Конфуций*

«ЛъикIав учителасе кIиго шартI гIола – кIудияб лъай ва кIудияб ракI», – ян хъван буго Лев Николаевич Толстояс. Дида ккола гьеб кIиябго шартI бугин жакъа нужее жиндир хIакъалъулъ бицине бугей ГIалиева Мая Айгумовналъулъгийилан. Жакъа, нилъер киназулго рахьдал мацIал цIуниялда тIад ракI унтараб заманалда, жидер тIолабго гIумру рахьдал мацI ва адабият малъиялъе кьурал мугIалимзаби дица рикIкIуна унго-унгоял бахIарзаллъун. Дон Кихот гIадин, кумекалъе щивго чиги гьечIого къеркьолел руго гьел, гьадингоги дагьал, рахьдал мацIал малъиялъе рихьизарурал сагIтал жеги тIадеги къокъ гьариялъе чагъана хъвалеб бугеб лъайкьеялъул системагун.

40 ялдасаги цIикIкIун сон ана Мая Айгумовна тIоцее, лъай босизе бугеб гъираялъ кенчIолел беразул лъималазул цIураб, гвангъараб классалде жание лъугьаралдаса. Гьеб ракIалдаса унареб лахIзат букIана рикIкIада хутIараб I982 соналда. Гьелдаса нахъе, жакъа къоялде щвезегIанги, Мая ГIалиевалъ бижизабулеб буго, гIагараб дарги мацIалде гуребги, миллияб маданияталде ва гIадат-гIамалалде рокьи.

НекIсияб Индиялда рикIкIунаан, гIицIго мукъаддисал гIадамазухъа гурони, учительзабилъунги, врачаллъунги, астрологаллъунги хIалтIун бажаруларилан. Гьелъулъ цо гIаркьел битIарабги буго. Щайгурелъул, чиясухъа жиндилъго гьечIеб хинлъиги канлъиги гIун бачIунеб гIелалъухъе кьун бажаруларелъул.

Абизе бегьула, жакъа, цебетIураб Интернетги бугеб, лъай босизе ресалги цIикIкIараб, амма, аслияб жо, гьелъие гъира гьечIеб заманалда, нилъер учительзабазе захIматго буго. Щай бетIералда жаниб лъай цIунун, цо-кIиго нух кнопкаялдеги цун, хIажатаб информация Интерненеталда балагьизе рес бугони? Узухъда, гьеб буго риторикияб суал, амма гьелъ тIамулел руго пикраби гьаризе.

Жакъа учителасул захIмат бащалъулеб буго бахIарчилъиялда. БахIарчилъийин абуни, мекъи ккола лей ятичIони, ккола лъаялдехун ва канлъиялдехун тIамураб гали. Рахьдал мацIалъул мугIалимасул захIматин абуни ккола жеги цIикIкIараб бахIарчилъилъун. Узухъда, рес буго глобализациялъ бергьенлъиги босун, рахьдал мацIалги, гьезда цадахъго нилъер гIагараб мугIрузул ракьалъул хаслъиги тIагIине. КигIанго гьединал пикраби гьукъаниги, жакъа кинабго гьелде унеб буго.

Гьанже нужеца пикру гьабеха, жидер профессионалияб гIумруялъул магIналъун ругел дарсалги жакъа -метер тIубанго лъугIизариялъул хIинкъи бугел шартIазда хIалтIизе ккарал рахьдал мацIазул учительзабазул. Амма, кин букIаниги, гьезул жеги тIубанго хьул къотIун гьечIо. Миллиял мацIазда цIалдолел ругони, риччалел журналал цIунун хутIилин абураб хьул бижизабулеб буго гьелъ нижелъги.

Мая Айгумовна ГIалиева гьаюна Каспийскалда, хъулухъчагIазул хъизаналда. Гьелъул эбел-эмен ккола бахIарзабазул рахъалъ жиндир цIар араб ГIахъуша районалъул Муги росулъа. Школаги лъугIизабун, гьей цIализе лъугьуна ДГУялъул филоло-



гияб факультеталде. Вузалда щвараб лъай бачIинахъего школалда хIалтIизабиялъул бугеб пайдаги бихьун, гьелъ цIалуда цадахъго бачана школалъул хIалтIиги.

Мая Айгумовналъ жиндирго захIматалъулаб нух байбихьана ГIахъуша районалъул ГIахъуша росдал 2-абилеб школалдасан ва I992 соналде щвезегIан гьений хIалтIана. АнцIгогIан соналъ тIуразаруна тарбия кьеялъул рахъалъ рехсараб школалъул заместителасул ва директорасул ишал. I998 соналдаса нахъе рахьдал мацIалъул ва адабияталъул учителлъун хIалтIулей йиго С. М. Кировасул цIаралда бугеб ГIахъуша росдал тIоцебесеб школалда.

Гьеб буго цIакъ жидерго хаслъи цIунараб росу. КъватIиса вачIарав чиясе бигьа букIунаро, жидерго гIадаталги хасаб рукIа-рахъинги бугеб, гьеб росулъ ругьунлъизе. Тарихалдеги раккун, ракIалде щвезабизе бегьула Шамхал Тарковскияс витIун вачIарав хIакимасе гьез гьабураб жоялъул хIакъалъулъ.

Амма Мая ГIалиевалъул адаб-хIурмат гьабула цадахъ хIалтIулез ва райцентралъул гIадамаз. Гьеб ккола гьей росдаца къабул гьаюн йикIиналъул гIаламат. Нилъеда сверухъ ругел шартIазде ругьунлъиги кутакалда захIматаб иш ккола. Гьелъ жиндирго хIалтIи тIубалеб буго ракIбацIцIадго ва тIадегIанаб даражаялда, гьединаб хIалтIул руго лъикIал хIасилалги.

ГIадатай чIужугIаданалда кIвана цадахъ хIалтIулезулгун, лъималазулгун ва гьезул эбел-инсулгун хIал рекъезабизе. «Гьелъул дарсазда букIуна хинлъигун рокьи жубараб ахIвал-хIал», – ян бицуна цадахъ хIалтIулез. Гьезие бокьула гьелъ гъираялда кьолел рагьарал дарсазде ине. Гьелъул дарсазде рачIуна районалъул батIи-батIиял росабалъа учительзабиги. ХIалтIул бечедаб хIалбихьи бугей мугIалималъ зама-заманалдасан тIоритIула рагьарал дарсал ва гIолохъанал педагогазухъе гъираялда кьола жиндирго бечедаб хIалбихьи.

Жакъа гIолилазда жидерго кьалбалги, рахьдал мацIги, миллияб хаслъиги кIочон толеб бугеб заманалда, гьединал, жиндир кинабго къуватги бажариги рахьдал мацI цIуниялъе ва цебетIеялъе кьолел мугIалимзаби ккола цогидазеги, гьездаго гъорлъ нижее – миллиял басмабазул журналистазеги, мисаллъун. Гьезул ракIбацIцIадаб хIалтIуда бараб бугелъул нилъер букIинесеб. Гьединлъидал нижги хIадурал руго гьезул щивасе бажарараб кумек гьабизе.

Рахьдал мацIалде рокьи бижиялъе щиб хIалтIи гьабулебан нижеца гьикъидал, Мая Айгумованалъ

бицана гӀемер тӀоритӀулила рахьдал мацӀ цӀуниялда хурхарал тадбирал. Школалде ахӀулел руго рахьдал мацӀалда хъвадарулел шагӀирзаби ва хъвадарухъаби. Гьединал дандчӀваяз лъималазда куркьбал рижизарулин ва школалъул хрестоматияздa малъулел асараздехун бугеб гьезул бербалагьи хисизабулин абуна мугӀалималъ. Щайгурелъул, гьезие рес щола авторасда цоники гьесул асаралъул хӀакъалъулъ гьикъизе, лъил мисалалда ва кинаб мурадгун гьеб хъван бугебали мухӀкан гьабизе. ЦӀалдохъабигун цадахъ цоники шагӀир яги хъвадарухъан ракӀалде щвезавиялъул мурадалда тӀобитӀулеб творческияб вечералъин абуни, кумек гьабула жалго лъималазулъ бугеб гьунар тӀатинабизеги.

Щибаб санайил, гӀадатлъун лъугьахъе, Мая Айгумовналъ жиндирго цӀалдохъаби хӀадурула рахьдал мацӀалъул ва адабияталъул республикаялъул олимпиадабаздеги. Гьезие щола цересел бакӀалги. Киназдаго бихьулеб жо букӀуна гӀицӀго ккараб лъикӀаб хӀасил. Амма гьелда нахъа бахчун букӀуна учителасулги цӀалдохъабазулги захӀматаб хӀалтӀи.

Лъай кьеялда цадахъго тарбияги кьолеб букӀараб заманаялъул вакиллъун кколей гьелъ, кӀвараб хӀаракат бахъула рахьдал мацӀалде, адабияталде ва гӀагараб ракьалде бугеб рокьи лъималазухъе кьеялъе. ХӀалтӀулъ киналго цӀилъабаздаса пайда босиялда ва дарс кьеялъул къагӀида мухӀкан гьабиялда цадахъго, гьей цо галул манзилалъцин кьуруларо советияб лъай кьеялъул системаялда рукӀарал гуманизмалъул идеябаздаса. Мая Айгумовнаялъ рикӀкӀуна сундулъго меседилаб гьоркьоблъи балагьизе кколин ва циндаго цояб рахъалдасан цогияб рахъалде кӀанцӀарал реформабаз лъикӀалде рачунарилан. Гьелда цӀар-цӀарккун ракӀалда руго киналго жиндирго рукӀарал цӀалдохъабиги. Лъай кьеялъул магӀна «чи лъугьинави» кколелъул, гьелъие кӀудияб кӀвар букӀуна гьезул щивасда гӀумруялда жиндирго нух батиялъул.

Мая Айгумовналъ росгун цадахъ тарбия-лъайги кьун гӀезаруна лъабго лъимер: кӀиго вас ва цо яс. Яс Заира хӀалтӀулей йиго районалъул судалда, жавабияб хъулухъалда. КӀудияв вас – ГӀалиев Руслан ГӀалиевич ккола Дагъистаналъул ХӀукуматалъул Председателасул тӀоцевесев заместитель, унго-унгояв патриот ва жиндирго ишалъул профессионал. Лъабабилев вас ХӀабиб хӀалтӀулев вуго росдал магӀишаталда боцӀухъанлъиялъул бутӀаялда.

Рос хеккого гӀумруялдаса ватӀалъана. Гьев вукӀана, районалда гуревги, республикаялдаго машгьурав юрист. БатӀи-батӀиял соназда ГӀахъуща районалда, Избербашалда ва Буйнахъскиялда хӀалтӀана прокурорасул заместительлъун ва следовательлъун.

Пачалихъалда бихьичӀого хутӀичӀо Мая Айгумовналъул захӀмат: гьей мустахӀикълъана гӀемерал реццалъул грамотабазегун баркалаялъул кагътазе. 2007 соналда гьелъие кьуна «Россиялъул Федерациялъул лъайкьеялъул мустахӀикъай хӀалтӀухъан» абураб цӀар. 2008 соналда бергьенлъи босана «ЛъагӀалил учитель» конкурсалда, гьебго соналъ бергьана республикаялъул президентасул грантги. 2015 соналда Мая Айгумовналъе кьуна «Дагъистаналъул МустахӀикъай мугӀалим» абураб цӀар ва гьединго мустахӀикълъана Дагъистаналъул Халкъияб Собраниялъул Председателасул рахъалдасан Баркалаялъул кагъаталъеги.

Мая Айгумовна ккола районалъул рахьдал мацӀазул учительзабазул ассоциациялъул нухмалъулейлъунги, йиго муниципалиял творческиял конкурсазул жюриялда гъорлъги. Гьелъ кидаго пайдаял малъа-хъваяздалъун ва цӀиял идеябаздалъун хӀаракат бахъула жиндирго пишацоязе ва цӀалдохъабазе сундулъго бажарараб кумек гьабизе.

***ПатӀимат Сулейманова***



# ДагъистаналъулмугIрузда туристал...

Туризмалъул карачелалде гъоркье кIиабилеб нухалъ кканин ккола Дагъистан. ТIоцебесеб букIана 70 – 80 соназго. СССРалъул киналго бокIоназдаса гIадамазда бихьана нилъер кьурабазул кIодолъи, керчал мучIдузул гьайбатлъи, пихъил ахазул гьарзалъи. Лъелго, чуязда, машинабазда туристазул маршрутаз цIезабуна тIолго республика. Гьелъул дандерижилъун хутIана гьанир гьабсагIат цIи ва гIатIид гьарулел ругел туристазулал базаби. Доб заманаялъул туризмалъул «удаманаз» бетIер кIибикIулеб буго кIиабилеб карачелалухъ балагьун.

Цо-цояз туристал къабул гьарулел руго бищунго къиматал гьалбал гIадин, цойгидал гIаданлъи кIочон тун, гIицIго бечелъиялда хадур лъугьун руго. ГIемераб жоялъул бицунеб буго рукъзал ижараялъе кьеялъул лъазабиязда рорчIулел: «Дагъистаниял къабул гьаруларо!», «Дагъистаниязе кьоларо», – ян тохлъабаз. Руго, мунагьазе сабаблъун ккезе бегьулеб, туризм республикаялда тIубанго гьукъеян абулелги.

Дагъистаниял хIадурун рукIинчIо туризмалъул гьадинаб тIадецуялде, щибав жувана жиндаго ракIалде кковухъе гьеб гьабизе. Дир гьалмагъги ракIалдаго гьечIого лъугьана гьеб ишалде гъорлъе, дунги хадуй цIан. ТIаде рачIунезул ва къабул гьабулезул хIакъикъат бичIчIидал, гIажаиблъи гьабизе бачIана, рукIунел ругел батIи-батIиял гIадамалилан.

БукIана гьелъул цо кьурул сирталда тIад пихъилги пихъил гурелги гъутIбуз сверун ккураб гьитIинабго рукъ. КъватIисахун бегI гьечIеб мина букIаниги, жаниб вайфайги, телевизорги, холодильникги ва гьел гурел цогидалги квегIенлъаби чIезарураб «этно–сакля–горностайл». Жаниве лъугьанищ – цивилизация! КъватIибехун гали бегьанищ – гIадан чи сверухъ гьечIел гIалхул мугIрул. Кредитазулгун ипотекабазул квачIикье ккедал инсанас бокьараб гьабулелъул, гьедин ккана гьалмагъалъул-

ги – риччазе ккана туристал. Гьезул хӀакъалъулъ бицунеб рагӀаралъ рахӀат толеб букӀинчӀониги.

ТӀоцересел гьалбал къабул гьари, кӀиабилеб... Гьедин жание цӀана гьеб ишалъ. Байбихьана гьудулалъ гьалбадерил хӀакъалъулъ гӀажаибал жал рицине. ТӀубарал хъизаналгун рачӀунел рагӀула туристал нилъехъе, хӀатта, гьитӀинал лъималгунцин, тӀабигӀаталда гьелгун тира-сверун, квенал гьарун, гьуинлъи-вацлъиялда хӀухьбахъизеян. Кибха бугеб доб мунагь?!

Хасго цӀакъго гьелъие асар гьабун бугоан, лъималаз ригьалда ругел эбел-инсуе юбилеялде Дагъистаналде сапар сайгъат гьабиялъ. Эбел тӀоцее щун, хадуб вахтаялдаса эмен вачӀун, цинги иргадал: цоял Камчаткаялдаса, цогидал къватӀисел улкабазадаса лъималги рачӀун, ракӀалдаса унареб лъугьи-рихьи букӀун буго гьезул.

Валлагь, хьвадун руго гьел дагъистаналъул мугӀрузда. АхӀулаго кучӀдулгун, нилъер кьурдабиги лъазарун, аваданго, гӀелаян абизегӀан. Таксисталги гидалги гьудулзабилъун лъугьун руго. Ахирги вацлъи рагӀизабурал нилъерал гӀарац босиларин чӀун, дол – гӀезегӀан ресалда ругел чагӀи – гьедин бегьуларилан лъугьун, нилъер гьалбал хирияб ракьалда ругьунаб ахӀвал-хӀал лъугьуна доба. ХӀалица мукӀур гьарула гьалбадерица нилъерал гӀарац босизе.

Сюрпризалги рукӀинарищха! РачӀана цин кӀигоял: рос лакайдул парталги ретӀарав, ботӀрода расул рачӀги гьабурав, магжида гъалги хьухьарав байкер, лъади – журналалъул мужалатаздаса гӀадинай берцинай, йорхатай гӀадан. Гьезухъ гьоболлъухъ, рагъида чаял гьекъолев, харбида, гӀемерго вихьулаан бакӀалъул имам.

Гьединги, гьел чагӀи рукӀун руго кашишги гьесул лъадиги! Кашишасул лъадиялъ бицана, жий МГУялъул журфак лъугӀарай, цӀалул цеехъан йигилан. ЦӀалулеб бакӀалда лъарав лъикӀав гӀолохъанчи ватула вукӀинесев кашиш. ГьабсагӀат гьезул руго ункъо лъимал, Дагъистаналде щвезе лъадуе некӀогоялдаса бокьун букӀун буго. «Ниж киназулго берзукь рукӀунелъул, дунги хьвадизе ккола асул саналда рекъон. Сапаразда ниж ретӀа-къала нижеего бокьухъе. Гьедин букӀаниги, бихьуларищ нужер имамасда ав ватӀа вахъизе лъарав. Аллагь цо вугелъулха». Журналистлъидал, лъадуца дагъистаниязул хӀакъалъулъ ракӀарун ругоан гӀемерал баянал, рагӀуналдаса рихьун лъарал жиндие цӀакъ рекӀее гӀуниланги мукӀурлъана гьей.

ГӀодоса тӀадего бетӀералда жаниб дугъдан бакӀги ккун чӀарал пикрабаздаса дагь-дагьккун ятӀалъулей йикӀана дир гьудулги. Гьале рачӀана хӀурул цӀурал джипазда, гӀемер чунтби ругел берзенталъул тӀажалги ретӀарал, черхалда цо жалги рахъарал ункъоял. ЩалгӀаги гьал гӀажаибал гӀадамал?! «Киноялда гурони дида гьадинал хӀикматал гӀадамал рихьун рукӀинчӀо! ЩибгӀагидай гьанже азда гьабилеб?!» – илан ургъалилъе ккана гьудул.

Кинабго кутакалда лъикӀ ккана: гьез цӀулги бичӀана, кранги хисана, лъалъадиялъул системаги къачӀана, шашликӀал режизе мангалги бацӀцӀад гьабуна. Малъа-хъваялцин гьаруна, туристазе хъулухъ кин гьабуни лъикӀ букӀинебали. Гьалбадерил цояс живго авторазул цоявлъун кколеб географиялъул тӀехьцин сайгъат гьабуна. «РатӀлица чи, чоца багьадур», – илан абураб кици кидаго битӀун букӀунгутӀиялъе мисал. Гьалбадерица гьабунщинаб кумекалъукьа нечон, гӀарац босиларин гьай чӀаниги, гӀинде квер бегьизе чӀечӀо туристал, гьеб хӀалтӀи жидее кутакалда хӀажат букӀанилан.

Туристазул лъималги мустахӀикъал руго хасаб биценалъе. Гьалмагъалъ бакӀалъул тарихалъул бицунаго, тӀаде рачӀаразул анлъго сон барай ясалъ бахчизе кӀолареб рохелгун абун буго: «Нужер гьанибги Испаниялда гӀадин буго! Амма доба хамоназул

(гьанал кванил тайпа) хасал тукаби руго, нужерин абуни – мохмохазул!» – илан. Цо нухалъ гурони Москваялдецин щвечIей дир гьудул гIажаибго гьелъухъ ялагьун хутIула: «Унго, мун жеги Испаниялдейищ щвечIей?» – илан. ГьитIинаб къоялдаса нахъего дунял бихьани, киналго нилъ цо зодикь ругел гIадамал рукIин хехго бичIчIулеб батила.

Кидаго гуро кинабго лъикI букIунеб, лъикIаб ракIалда чIолеблъун букIаниги. Цо нухалъ, эбелги ячIун бажаричIого, вачIун вукIуна кIиго лъималгун эмен. Гьев, лъималги машинаялде жанире рехун, сардалкъояз Дагъистаналда сверулев вукIана. КIалккун моцI букIана, гьесдайин абуни пиво гьекъечIого чIезе кIолеб букIинчIо (ГАИялъукьагIаги кин ворчIулев вукIаравали). Гьес дир гьудулалда бицун буго Сулахъалъул къварилъухъе рортизе дагьалъ хутIанилан ва дагъистанияз кодоб ккун босанила жиндир машина нухдейилан. Гьелдаса хадуб лъималаз инкар гьабула эменгун сверизе ине. Лъимал кин таралилан абидал, гьезул камураб жо гьечIилан кверги хьвагIун, унев вукIун вуго эмен мугIрул сверизе.

Цо сардида кIалъан вачIун вуго: «Кумек гьабе, яс квеш лъугьун йиго, температура бахун буго, лагIделей йиго», – ян. Хъата-масан больницаялде хъамун, дару-дарман гьабун буго. Эмен – ясалда цеве, вас – магIарда живго цохIо. Гьалмагъ гIедегIула гьесухъе. «Кирилл, мун кванаравищ?» Жавабалъе вуцIцIунчIей. Яккула холодильникалде жание, Доба кинабго махIцун, ккал чIван батула. Гьалеха багьана яс унтиялъе. Радал васгун эмен хисизе больницаялде рилълъуна. Гьевги щокъго вукIин загьирлъидал, больницаялъул коллективалъ, гьазул хъизаналъе батIаго палатаги кьун, гьабизе кколебщинаб дару-сабаб гьабула. Лъабго къоялдасан гьел жидерго рокъоре тIадруссана. Гьев туристас киса-кибего жамгIиял гьундуздасан хъвалебцин букIана дагъистаниязул гIаданлъи-чилъиялъухъ баркала кьун. МукIурлъана, лъималаз эбелалдаги бицун, жиндие гIадлу щваниланги. БитIун щун буго!

Гьебго больницаялда гIаксалдаги букIарабха иш. Капельница лъун хадуб, радакь ункъоялда къватIире къотIун руго туристал, унтараб лъимергун, врач ичIгоялда вачIунин, гьеб мехалъ рачIаян. Кодоб машина гьечIого рукIиналъ, кумек гьарун кIалъан руго гьалмагъалъухъе. Гьалъ, ячIун больницаялдегун, нилъго сурараб жо гьабуге, жалго теян гьарун буго. Гьалбадерида рекIеда къачIого хутIун батилищха?! Гьединал батIи-батIиял руго нилъ, дагъистаниял.

Гьерсил чода рекIаралги ккун руго. ШартI – туристаз кутул, гьаби рокъоре рачине бегьунгутIи! РачIуна жидерго машинаялда эмен-эбеллъимер. БакIалъул берцинлъиялдаса, шартIазаса рохуца холел рукIуна гьалбал, нахъе унаго битIун бачIуна рукъалда цере чIараб сурат: гьелда жалгоги хIама гIанасеб гьойги. Гьалеха рукъзал квас-расалъул цIеялъе гIилла. Гьенир тIамун рукIарал халичаби рацIцIад гьаризе кьезе ккана. Баркалаян абунаха бусалъегIаги биччачIелъухъ.

БатIи-батIиял руго нилъер гьалбал. Цо-цоязда бичIчIизабизе ккола нилъги, жалго гIадал, гIадамал рукIин, цогидаз нилъедасаги цIакъ адаб гьабулеб батула нилъер культураялъулги нилъерги.

***ГIаммаб къагIидаялъ бицани, гIемераб буго гIадамазда бичIчIизеги лъазеги кколеб, туризм – гьеб гIицIго гIарцул хIакъалъулъ гурелъул. Цоцазда ричIчIиялъул, гIаданлъиялъул, гьудуллъиялъул, рокьиялъул хIакъалъулъ буго. Гьеб буго нилъер хIакъалъулъ, туризмалда гъорлъан нилъехъго ралагьизе бугеб ресалъул хIакъалъулъ.***

***Раисат ХIайбулаева***



# БахIарчиял руччабазде

Тушман тIаде кIанцIарал
ВахIшиял рагъул соназ,
Бихьиназдагун цадахъ,
ВатIан цIунун къеркьарал,
Руччабазда гьоркьорги
РукIана бахIарчиял.
Летчикалгун снайперал,
Тохтурзаби, танкистал,
Партизаназда цадахъ
Рохьазда нуж рагъана,
Разведчиказда гьоркьор
Нужер цIарал камичIо.
Тылалда хIалтIулелъул
ГIемерисеб бакIаб гьир
Руччабаца баччана
Дол захIматал соназда.
«БахIарчIужу» цIар щварал,
Россияго чIухIарал
Ясал гIемер рукIана.
Космосалде роржарал
Лучнулги нуж рукIана,
ГIелмуялъул иш цебе
Бачине нуж хIадурал.
Нухмалъи гьабиялъул
ХIалтIулъги нуж рукIана,
Нужехъ кодоб камураб
Махщелги батуларо.
Лъимал гIезе гьаризе
РухIги ножоца кьола,
Рукъалъул магIишатги
Гьалъ роцIцIине гьабула.
Эбел-инсуда аскIор
Хъулухъалъе ратулел,
Гьезул хIурматги гьабун
Гьуинго жаваб кьолел,
ГIагаразе хириял,
Харабазе рокьулел,
ЗахIмалъабиги къулчIун
Къо хIехьон чIезе лъалел.
ХIурматиял руччаби,
Дица гьарулеб буго
Нужее талихI, рохел,
Сахлъи, халатаб гIумру!

***ТIалхIат Ахъбердиев,***
***врач, захIматалъул ветеран,***
***рагъул соназул лъимер***



Анжела
Халифаева

# «ВатӀаналъул гъотӀол гьитӀинаб гӀаркьел...»

***Дуниял цоцалъ рекъон ккараб бакӀлъун бихьиялъ Анжела Халифаевалъ къабул гьабула гьеб бугеб хӀалалъ: гьалъие бокьула ругел шартӀазда: юриспруденциялда, мацӀал лъазариялда, дунялалда тира-свериялда, жиндирго лъайги борхизабулаго, гӀумру тӀамизе. Гьалъие хирияб буго гӀагараб Ахти район, гьелъул даруял лълъимаз бечедаб тӀабигӀат, гӀадамал.***
***ГӀемераб жо лъалей, гӀумру бичӀчӀулей инсаналъулгун бигьаго гӀаммаб мацӀги батула.***

### *ГӀалимчӀужу ва насихӀатчӀужу*

ГӀелмабазул доктор, ДГУялъул профессор Анжела Халифаевалъе кӀвар буго щиб букӀаниги цӀияб-лъикӀаб лъаялъул, гьединал гьалъие ккола пикру ва ракӀцояллъун:

– Гьедин букӀана эбел-инсул рокъосанго. Эмен ккола ветеринар, эбел – гӀумруялъго лъималазул рокъой хӀалтӀарай медик, гьез нижеда, лъималазда жаниб куцана тӀабигӀаталде, лъаялде, тӀахьал цӀалиялде рокьи. Нижер рокъоб кидаго цӀалул къимат букӀана. Цоги, рокъоб кидаго гьалбал рокьулаан – нижехъе рачӀунаан, гьабсагӀатги жидергун щулияб тухумалъулаб бухьен бугел гьудулзаби, гӀага-божарал.

Меседил медалалда школаги лъугӀун, дида кинго кӀолеб букӀинчӀо тохтурлъунищ, тарихчӀужулъунищ цӀализе инеяли тӀаса бищизе. Доб мехалъ историялъул факультеталъул къадру букӀана. Гьеб лъугӀулаго-толаго модаялде бачӀана юрфак. Амма юристлъун яхъине анищ хадуб бачӀана. Диего хисичӀого, цин дица багӀараб дипломалда лъугӀизабуна историялъул факультет, хадуб – тӀокӀлъигун ДГУялъул юрфак.

Кандидатлъиялъул диссертация цӀунана 25 соналда йикӀаго, цинги цӀализе лъугьана Москваялъул пачалихъияб юридикияб академиялде, 35сон бараб мехалъ цӀунана «Государственные и правовые институты в Дагестане в XIX веке: основные тенденции и изменения» темаялдасан доктораалъулаб диссертация.

ГӀолохъанай гӀалимчӀужуялда, гьелъул гӀелмияв консультант, цӀар рагӀарав гӀалимчи, ГӀ. А. ГӀисаевас гьарулеб букӀана Москваялда преподавательлъун хӀалтӀизе чӀаян. Амма Анжела ракӀалъ гӀагараб Дагъисталде цӀалей йикӀана. ЦӀияб гьава цӀараб гӀадаб асар лъугьанин ВатӀаналде щведалин ракӀалде щвезабулеб буго гьелъ.

ДГУялда дарсал кьеялъул хӀалтӀи гьалъие лъугьана, студентазе мугӀалималдаса насихӀатчӀужулъун йикӀине педагогикияб гъира-цӀа гьалъул рекӀелъ бакараб, лъикӀаб мактаблъун. Гьалъ студентазда малъулаан гьанжесеб ихтияразул гӀелмуялдалъун пикру гьабизе.

– Доб мехалъ дие тӀоцебе халлъана, дида цере пачалихъиябгун ихтияразулаб махщалида хадур чӀарал гурелги, гьеб гӀелму гӀумруялда хурхина-

бизе, дунялалда хIалтIизабизе гъира бугел студентал рукIин.

Гьеб мехалъго, XIX гIасруялда Дагъистаналда пачалихъиял ва ихтияразулал институтазул темаялда хIалтIулаго, гьалъ ракIарана ДНЦ РАНалъул къиматал тарихиял документал, архивиял баянал.

«Дагъистаналъул пачалихъалъул ва ихтияразул тарих» абураб кIудияб хIалтIи хъвала Анжела Къурбановналъ ва гьеб битIула рецензиялъе. КIудияб гIажаиблъилъун ва рохеллъун букIана РФялъул вузазул цIалулгун методикияб гIуцIиялъ гьеб «Юриспруденциялъе» цIалулел вузазул студентазе учебниклъун тасдикъ гьабидал. Дагъистаналъул пачалихъалъул ва правоялъул гIицIго цо бугеб цIалул тIехьалъул авторалъ, бищун гIолохъанай юридикиял гIелмабазул докторалъ, жиндирго захIматалде кIвар буссинабуна жакъасеб къоялде хIажатаб тема букIиналъги, гIелмияб цIех-рехалъул гъварилъиялъги.

### *ХIакъикъаталдаги...*

ГIалимчIужуялъул 300 ялдаса цIикIкIун ругел гIелмиял хIалтIабазул сияхI рикIкIине бегьула республикаялъул юриспруденциялда цIирагьилъун. А. Халифаева ккола естествениял ва жамгIиял гIелмабазул рахъалъ пачалихъияб премиялъул лауреат. П. С. ХIамзатовалъул цIаралда бугеб музеялда гьелъ цIалараб «Дагъистаналда пачалихъияб ва ихтияразулаб хаслъи» лекциялда Анжела Къурбановналъ бицананилъерэраялдещвелалдецебеI къарнуялъул ахиралда букIараб Кавказалъул Албаниялалъул цебеккун лъалеб букIинчIеб ихтияразулаб цебетIеялъул. Гьединго гьелъ бицана феодалиял ва эркенал цолъабазул гIасрабаз букIараб конгломераталъул, гIадатазул ва шаригIаталъул ихтияразулаб хIалбихьиялъул.

Пишацоязул пикруялда, Дагъистаналъул мустахIикъай юрист Анжела Халифаева кколей йиго некIсиял пачалихъазул хIакъалъулъ жакъа къоялъул правовияб системаялде щвезегIан тарихияб лъаялъул кьучIалда гIелму гIуцIулей исследователь.

– ГIадатиял ихтиярал цIуниялъул вербалиял аслаби, къанагIатал гIадатал ккола къиматал документал. Цоцо ихтияриял аслабазул хъвай-хъвагIаязда, мисалалъе Курахалда бугеб стеллаялда тIад ругел хъвай-хъвагIаязда гъорлъ руго эпиграфиял элементал.





Пишацоялъул гIелмияб цIех-рехалъул кIварги бихьизабулаго, профессор И. Оруджевас тIадчIей гьабуна Дагъистаналда империяб ихтияралда цадахъ букIараб гIадатазул ва шаригIаталъул правовияб системаялда гьабураб ритIухъаб анализалда. Гьел ихтияразулал аслабаз чIезабулеб букIана жамгIияб хьвада-чIвадиялъул низам. Анжела Къурбановналъ чIезабуна цо-цо правовиял нормабазул теориялъулаб гуреб практикиябги кIвар букIин, ва гьел жакъасеб пачалихъияб ва муниципалияб гIуцIиязда хIалтIизе бегьулеблъи.

Анжела Халифаевалъул хIалтIабазулъ хIаракат бахъун буго Дагъистаналъул пачалихъиял ва правовиял институтал лъугьиналъе гIатIидаб анализ гьабизе, бакIалъулал нухмалъулелгун гьеб Россиялъул империялде гьоркьобе лъугьиналъе юридикияб къимат кьезе.

Инкъилаб бахъилалде цебесеб Дагъистаналъул жамгIияталъул батIи-батIиял бутIабазул гIадамазул правовияб статусалъул анализги гьабун, Халифаевалъ бихьизабулеб буго бакIалъул, Кавказалъул ва Россиялъул тIадчагIазул цебесеб системаялде бербалагьи.

Хасал бутIрузда кIвар буссинабун буго, цересел пачалихъиял гIуцIабаздаса байбихьун, Дагъистаналъул пачалихъиял ва правовиял институтал хисараб куцалде.

Анжела Халифаевалъул кьучIаб захIмат рикIкIине бегьула юриспруденциялда жаниб цIияб гьумерлъун. Гьелъул кIварги буго, гIицIго специалистазе гуреб, гIагараб ракьалъул тарих лъазе бокьарал гIадатиял дагъистаниязеги.

### *ХадубрагIи*

***Гьадинай йиго гьай гIадатай, гIажаибай дагъистаний. Жеги чан гьунарха батилеб гьелъулъ, гIагараб Дагъистаналъул, баракатаб ракьалъул хIакъалъулъ рагьизе, бицине. Анжела Къурбановналъул хъизаналъ хъулухъ гьабулеб буго (гьезда гьорлъ ихтиярал цIуниялъул идарабазда хIалтIи тIаса бищарав вас Шамилги) ВатIаналъе, жалго гьелъул гьитIинал бутIабилъунги рихъун.***

***ГIайшат Тажудинова***





УПРАВЛЕНИЕ ПО ДЕЛАМ ИСКУССТВ ПРИ СОВЕТЕ МИНИСТРОВ ДАГЕСТАНСКОЙ АССР
ДАГЕСТАНСКИЙ
ГОСУДАРСТВЕННЫЙ РУССКИЙ ТЕАТР
им. М. ГОРЬКОГО
гор. Махачкала, ДАССР, Буйнакская, 10. Телефон 6-26

№ 1-73 — сентября 1952 г.

Справка

Выдана настоящая тов. Смоктуновскому Иннокентию Михайловичу в том что он действительно работал с 10-го сентября 1951 года по 5-е сентября 1952 года в Даг. гос. театре им. М. Горького в качестве актёра I-ой категории II-й группы с месячным окладом 830 рублей /восемьсот тридцать рублей/.
Освобожден от работы в театре по собственному желанию.

Директор театра /Якушев/
Гл. бух. /Васильев/

*Иннокентий Смоктуновский*

# МахIачхъалаялда

## (ракIалдещвеяздаса бутIа)

1952 соналъул риидал МахIачхъалаялда бугеб гIурусазул драмтеатралъ чIамучIго къалеб букIана сезон. Отпуск щвезе хутIун букIана анцIго къо. ХехгогIаги щолебани. Гьеб театралда хIалтIараб лъагIалида жаниб дида кIвана дие я рохел, я профессионалияб хIалбихьи кьечIеб щуго аслияб роль «бежа-белъине». КинабгIаги нахърателги щвечIо, театралъул гIемерисел актеразе творчествоялдаса базаралда бича-хисулелъул цIикIкIун ургъел букIиналъ. Дида гьеб бихьулеб букIана ва цо кIудияб рекIее гIолеб букIинчIо, амма актеразда гIайиб чIвазего бачIунароан, щуго соналъ Таймыралда Заполярияб театралдаги хIалтIун, авитаминозги щун, гьениса тIурун дунго югалде – ралъдахъе вачIарав вукIиналъ. Пляжалгун базарал, узухъда, лъикIаб иш бугоан. Амма доб мехалъ дида ракIалдего кколароан гьелъун кинаб букIаниги хIинкъи букIунилан: ахирилан ккезего ккелищха.

Жибго театралъул мина букIана битIун ралъдал рагIалда (гьабсагIатги гьенибго батила гьеб) ва гьелде дун хехго рутьунлъана. Амма, дидаго лъачIого, дун битIахъе асир гьавуна дагъистаналъул мугIрузул берцинлъиялъ ва эркенаб заманаялъ гIемер магIарухъе щолаан.

Гьединаб гIумруялда дун рази вукIана. Цого цо бокьараб жо букIана хIалкIун гIемерал шагьаразул (гьел рикIкIад ругогIан жеги лъикI) театразде щвезе. Гьеб гьираялъ ва-

чана дун цин Норильскалде, цинги МахIачхъалаялде, гьелъго ахIулев вукIана Югалъулаб Сахалиналдеги.

Гьедин ккезеги ккелаан нижер спектаклялда гъорлъе Москваялъул театр «Ленкомалъул» актерал вацги яцги Леонид ва Римма Марковал ккечIелани. Эбел-инсухъе щвезе МахIачхъалаялде рачIарал гьел, къаси нижер театралде спектаклялъухъ ралагьизе рачIуна.

Гьединал зрителал нижер тетралда цIакъ къанагIатал гьалбал рукIана, балъго гьабун щай, ниж кутакалда къан, нечон, намуслъун рукIана. Кинаб гIажаиблъиха дир букIараб, спектаклялдаса хадур нижехъе пардавалда нахъе раккарал гьел кIиялго берцинал гIолилазе нижер хIаялъ гьабун батараб асар бихьидал. Гьез цоцалъ къец бан дир ракI чIезабулеб букIана дица сценаялда гьабулеб кIудияб гьунар бугин ва дир сценаялда вукIа-вахъин диего хасиятаб, гIажаибаб, заманалде данде кколеб бугилан. Дун Москваялъул театразда хIалтIизе мустахIикъав вугилан абуна гьез.

Анищаздацин цебе бачIине рес букIинчIеб щиналъул бетIергьанлъун ватидал, дун нечон лъугьана. БукIаниги, гьел гьайбатал гIадамал ахIана дица цогидал спектаклязухъ ралагьизеги. Москваялде тIадруссиндал, дир хIакъалъулъ жидерго бетIерай режиссер Софья Владимировна Гиацинтовалда бицине бугилан лъазабуна гьез ахиралдаги.

Гьебго заманаялъ, радалмехалъ Каспиялъул йод гъорлъ бугел лълъимазулъ черх беэдулев вихьизе бегьулаан, карачалабазулъ цин тIерхьун, цин ваккун лъедолев, хехгого хъахIлъарав цо берцинав чи. Гьев ралъдал гъалбацI ватана, тахшагьаралъул хъуялдаса ралъдахъе лъутарав, Москваялъул Бакунинил къотIноб бугеб театралъул режиссер Андрей Александрович Гончаров. Цо-кIиго анкьица сихIкъотIиялдаса ва хIухьбахъиялдаса рахIатги босун, гьев вачIана нижер театралде ва валагьана киналго спектаклязухъ.

Актераз сверун ккурав гьес, ракI рагьун велъулаго, щивасдехун вуссун гьарулел рукIана бадирчIваялги,



абулел рукIана рецц-бакъалъул рагIабиги... Ниж тIаса бер босичIого ралагьун рукIана нижеда бичIчIулареб, батIияб, тIадегIанаб искусствоалъул дунялалдаса чиясухъ. Досул «дир кинабго абун бахъана», – ян калам рагIидал, цIикIкIарал актеразул цояс, ургъел ккун, гьикъана:

– Нижер зал гьедигIан квегIенаб гьечIелъул, дуе рахIатгIаги букIанищ гIодов чIезе?

– Дие кибго рахIат букIуна. Амма зал нужер расги лъикIаб гьечIо, хIатIаздасан рекерахъдулел кутулги ругоан.

Киналго релъана рукIана. Гьеб гьайбатаб лахIзаталдаса хадуб ниж кидаго рукIарал чагIилъун лъугьана ва Андрей Александровичас гьикъана нижеда гьоркьор «ралъад бахине» бокьулел чагIи гьечIищилан. Лъим ххаялъул цониги къагIида лъаларев дица щаяли гьесул ахIи къабул гьабуна.

– ЛъикIха. Метер радал рихьила, доба бицина хабарги.

Радал, лазаталда лъимги ххалаго, дов рикIкIаде цеве унаан ва дихъ валагьун чIолаан. Дун аскIове щведал, гьев кьабун-чIван жеги цеве унаан, унголъунги Каспий бахине ракIалда бугев чи кинигин. Цинги дир лъедей загIиплъун бугеб куцги бихьун, гьев лъеда тIад вегана, дунги вохуца холаго хьибилалда лъеда тIад восана.

– Мун гIажаибго чIагояв артист вихьула, Кеша...

Гьал ахирал къояз рагIанщинал берцинал рагIаби цIикIкIун ккун рукIана къуватав инсанасе ракъдатIагоцин, гьаниб, рагьараб ралъдалъин абуни... Лъелълъе вукъулаго рагIараб гьесул хадусеб: «Кив цIаларав? Щиб лъугьараб?» – ан суалалъ дун нахъвуссинавуна.

– Актерлъиялъул рахъалъ щибго... щибниги лъугIичIо...

– Гьааа, гьеле гьединлъидалин гьеб такрарлъи гьечIолъи дулъ бугеб. Мун хIалтIизе ккола лъикIал театразда. А Москваялде. Добаги байбихьуда бигьаго букIинаро. Амма тахшагьаралда буго гьалдолеб гIумру, къеркьей, ресал, Кеша. ГIемерал руго театрал. Бокьани нижер театралде вачIа – гIолохъанго вукIаго балагьизе ккола дурго творческияб нух.

Цинги гъалбацIил гIадаб гьаракьги гьабун, гьев цIидасан лъеда гъоркь тIерхьана. КIал-мацI ккурав дун цIулал харалъун лъеда тIад парпадилев хутIана, цинги досулалда релълъарабин дида ккараб гьаракьги бахъинабун, кибеххун лъим ххалебали сверухъе валагьана.

КIиго лъагIелалъ Москваялъул Ленинил комсомолалъул цIаралда театралъулгун хъвай-хъвагIайги гьабун, дирго анищал гIададиселлъун рихьизе лъугьарав дун, циндаго, халатаб, гьуинаб макьидаса ворчIарав гIадин лъугьана. МахIачхъалаялдаса хадуб дун хIалтIараб Волгоградалда рукIарал гьудулзабаздаги дун вихьизе лъугьана вукIаралдаса батIиявлъун. «Щуго соналда жаниб сценаялда хутIизе щибниги багьаяб иш гьабичIони, дица тетр тезе буго», – ян лъазабуна дица ахиралдаги.

ХIукму тасдикъ гьабун, Москваялде телги кьабана: «ХIурматияй Софья Владимировна, хIадурун вуго хIалтIуде вачIине тчк лъазабе кида ва сундулъ дие дебют кьезе кIолебали тчк адабгун Смоктуновский», – илан. Щибниги нич-мич телеграммаялда, узухъда, букIинчIо, гьеб гьедин къабул гьабун батиялда щаклъиги букIинчIо. Лъаларо, телеграммаялдаса гIажаиблъунищ, хIинкъунищали, жаваб бачIана нахъисеб къоялъго: «Театргун гьоркьоблъи хвезабуге тчк вачIа отпуск щварабго тчк лъазабе щибгун дебют бокьилеб букIарабали тчк адабгун Гиацинтова».

Лъабго къоялдасан тIубанго Волгоградалъул театралъулгун къолъикIги гьабун, дун цодагьай йихха-хочарай Гиацинтовалда цеве эхетана:

– ВахI, мун вачIунищ?..

– Уха, гьале вачIана.

– ТIубангойищ?..

– Узухъда!

Лев ДУРОВ

# Не обижайте детей!



Время было сложное. Я уезжал от своих родственников из Дербента без копейки. И напрашивался на попутки, и меня везли от аула до аула. Побывал я в Кубачах, который славится своими мастерами-чеканщиками на весь мир – оружие, женские украшения, – побывал и в Гунибе – на родине Шамиля.

И вот сидел я как-то в Нижнем Гунибе на площади и ждал попутку. А в нескольких метрах от меня лежала кутанская собака. Кажется, это кавказская овчарка – могучая грудь, огромная голова и довольно подвижное и сравнительно небольшое тело. И эту кутану сосали щенки, милые прелестные щеночки. И мама блаженствовала.

И тут в клубах пыли на площадь въехала грузовая машина. Я понял, что она едет не в мою сторону, и продолжал спокойно сидеть. А в кузове, вижу, торчат три папахи. Машина постояла-постояла и тронулась.

И тут приподнялся человек в папахе и бросил арбузную корку. И она попала прямо в одного щенка. Тот взвизгнул. Кутана вскочила, стряхнула висящих на ней щенков и огромными прыжками, наращивая скорость, стала догонять эту машину. Догнала. И прыгнула через задний борт в кузов.

Старики в машине завизжали, полетели папахи. Машина остановилась, старики попрыгали из нее – у одного окровавленная рука, у другого штаны в клочьях. Из кабины тоже выскочили, стали что-то орать. И тут из сакли, около которой я сидел, спокойно вышел человек с ружьем, переложил его, вставил в стволы два патрона и что-то спокойно сказал этой маленькой толпе. Все притихли, а человек опустил ружье и вернулся в саклю.

Собака перепрыгнула через борт, подбежала к щенятам, легла к ним и стала зализывать свою окровавленную грудь. Щенки ухватились за её соски, а машина с ругающимися пассажирами поехала дальше. Я знал, что кутанские собаки спокойно идут на трех волков. Теперь я увидел, как она идет и на людей, которые не понимают, что детей обижать нельзя.

# «Горянка» – это не про права. Это про достоинство



В Дагестане женщина всегда была больше, чем кажется. Не на словах, а по факту: она – начало семьи, точка устойчивости, носитель нравственного кода. Тихо, не выставляя себя вперёд, но в основе всего.

Традиционно она несла ответственность не только за дом, но и за атмосферу. За то, как себя чувствуют рядом с ней дети, муж, родители. За то, чтобы не потерять лицо в трудной ситуации. И сегодня мы не противопоставляем эту женщину «современной». Потому что настоящая женщина Дагестана была и остается современной по сути. Она умеет адаптироваться, не предавая своих корней. У неё есть стержень. У неё есть честь. У неё есть та глубина, которая впиталась с молоком матери.

Мы не боремся за место на рынке. Мы этот рынок формируем. Не под спрос, а под ценность.

«Горянка» – это не ответ на ситуацию. Это позиция. Среда, в которой ценность женщины не доказывается – она признается. Где внутреннее достоинство важнее внешних проявлений. Где обучение – это лишь повод почувствовать свою сопричастность к роду, к земле, на которой живём, к своей истории.

Мы не объясняем, зачем девушке водить. Мы воспитываем поколение, в котором женщина не боится проявляться. И делает это с достоинством.

### *Те, кто приходят*

Мы видим девушек, которые внешне справляются. Они аккуратны, воспитанны, улыбчивы. Но за этим часто – тишина, в которой не хватает разрешения быть услышанной, быть настоящей не по форме, а по сути.

Это не про слабость. Это про то время, когда женщине внушали: «Молчи», «Сначала другие», «Справляйся сама». И теперь, даже когда всё можно – внутри всё ещё нельзя.

Нам не нужно это разрушать, мы даём то место, где можно почувствовать, что ты не одна. Что твоя тревожность – не проблема, а зажатость – не повод стыдиться. Что у тебя есть право быть женщиной без объяснений.

### *Что мы храним*

В каждом шаге – спокойствие. Мы не ведём себя как громкий бренд. Мы не кричим о себе. Потому что уверенность – тиха (это спокойствие). И сила – это не напор, а устойчивость (сила – это баланс).

«Горянка» – это, скорее, состояние. Это среда, где ничего не требуют, но многое становится возможным. Не потому, что мы давим. А потому что мы удерживаем.

Пространство. Уважение. Границу. Чистоту. Форму, которая держит содержание.

Это не про педагогов, инструкторов или расписание. Это про людей, которые живут тем, во что верят. И это чувствуется с порога.

Мы не объясняем миру, зачем девушка учится водить. Нас это не интересует. Наша задача – помочь ей понять, кто она, куда идёт и что несёт с собой. Чтобы, садясь за руль, она не просто управляла автомобилем. Чтобы не теряла себя среди скоростей, шумов, взглядов. Чтобы помнила: тихая женщина может быть твёрдой. А твёрдая – всегда остаётся живой.

Мы не спешим. Потому что строим на годы.

Мир вокруг становится быстрым. Все куда-то бегут, спешат, пробуют, бросают. Но самое важное не строится в спешке.

У женщины на Кавказе – особая роль. Не показная. Не условная. Она

## *Преподаватели автошколы «Горянка»*







настоящая, кристаллизованная веками и поколениями.

Мы не делаем ставку на моду. Мы не меняем направления каждый месяц. Потому что мы работаем с тем, что остаётся навсегда. Для нас важен тот, кто сегодня только учится говорить и видит, как мама не боится сесть за руль. Как она спокойна и выдержанна. Как она уважает себя – и потому уважают её.

Сила «Горянки» – в вашем отклике, в том, что девушки начали говорить честно. Что мамы стали приводить дочерей. Что мужчины стали уважать не из страха (априори), а из понимания. Что звание «Горянка» стало символом достоинства и чести. И мы будем это беречь. Не потому, что так надо. А потому, что иначе не имеет смысла всё остальное.

Мы – за женщин, способных любить – без страха, двигаться – без тревоги, говорить – без оправданий.

Это не курс, не урок, это – основа, на которой держится женщина.

А значит – и весь дом, и весь род, и всё будущее.

***О важном – просто***

Мы много говорим про устойчивость, потому что видим, как она теряется. Под внешними формами, под чужими шаблонами, под постоянным напряжением.

*Но женщина не перестала быть собой.*

*Она просто устала оправдываться за то, что чувствует.*

*Сегодня к нам приходят не те, кто «ничего не знает».*

*К нам приходят девушки, которые уже многое умеют.*

*Они работают, воспитывают детей, водят машину, строят планы.*

*Но при этом в них постоянно звучит вопрос: «Где во всём этом я настоящая?» Именно этот вопрос мы считаем главным.*

*Потому что если женщина теряет контакт с собой – она может быть внешне сильной, но внутренне хрупкой.*

*А если находит – она уже никогда не будет зависеть от чужого одобрения.*

*Сильная женщина – это не миф.*

*Это не значит громкая, острая, агрессивная.*

*Это значит – знающая, когда говорить. И когда молчать.*

*Когда уступить. И когда не отступать.*

*Когда остаться мягкой. И когда держать форму.*

*Сила женщины в Дагестане – это всегда было так.*

*Мы это видим. И мы на этом стоим.*

*Поэтому мы не изобретаем, не ломаем, не учим заново.*

*Мы вспоминаем то, что уже есть.*

*То, что идёт через поколения.*

*То, что вшито в речь, в походку, в манеру подавать чай, в молчание, в строгость, в выдержку, в нежность.*

*Всё, что мы делаем, – делаем надолго.*

*Сегодня можно легко открыть проект.*

*Можно легко собрать аудиторию.*

*Но невозможно купить уважение.*

*Невозможно подделать атмосферу.*

*У «Горянки» не маркетинг, а позиция.*

*И не формат, а основа:*

*бережность, уважение, дисциплина, опора.*

*Мы не обещаем изменить жизнь.*

*Мы просто создаем место, где можно быть собой без страха.*

*Где за форму отвечает суть.*

*Где нет случайных людей.*

*Где с первого взгляда становится понятно: ты в своей среде.*

*Мы не о себе. Мы – о вас.*

*Пока вы приходите – мы будем стоять.*

*Пока вы молчите – мы будем говорить то, что важно.*

*Пока вы держитесь – мы будем рядом.*

*Не чтобы спасать. А чтобы вы сами вспомнили, на чём стоите.*

*«Горянка» – это не проект, не здание, не цифра в отчете.*

*Это передача. Из поколения – в поколение.*

*Из сердца – в атмосферу.*

*Из уважения – в форму.*

***Севиль Байрамова***



# Фёдор Достоевский

# Алей

*(из повести «Записки из Мёртвого дома»)*

Дагестанских татар было трое, и все они были родные братья. Два из них уже были пожилые, но третий, Алей, был не более двадцати двух лет, а на вид еще моложе. Его место на нарах было рядом со мною. Его прекрасное, открытое, умное и в то же время добродушно-наивное лицо с первого взгляда привлекло к нему мое сердце, и я так рад был, что судьба послала мне его, а не другого кого-нибудь в соседи. Вся душа его выражалась на его красивом, можно даже сказать – прекрасном лице. Улыбка его была так доверчива, так детски простодушна; большие черные глаза были так мягки, так ласковы, что я всегда чувствовал особое удовольствие, даже облегчение в тоске и в грусти, глядя на него. Я говорю не преувеличивая.

На родине старший брат его (старших братьев у него было пять; два других попали в какой-то завод) однажды велел ему взять шашку и садиться на коня, чтобы ехать вместе в какую-то экспедицию. Уважение к старшим в семействах горцев так велико, что мальчик не только не посмел, но даже и не подумал спросить, куда они отправляются? Те же не сочли и за нужное сообщать ему это. Все они ехали на разбой, подстеречь на дороге богатого армянского купца и ограбить его. Так и случилось: они перерезали конвой, зарезали армянина и разграбили его товар. Но дело открылось: их взяли всех шестерых, судили, уличили, наказали и сослали в Сибирь, в каторжные работы. Всю милость, которую сделал суд для Алея, был уменьшенный срок наказания: он сослан был на четыре года.

Братья очень любили его, и скорее какою-то отеческою, чем братскою любовью. Он был им утешением в их ссылке, и они, обыкновенно мрачные и угрюмые, всегда улыбались, на него глядя, и когда заговаривали с ним (а говорили они с ним очень мало, как будто всё еще считая его за мальчика, с которым нечего говорить о серьезном), то суровые лица их разглаживались, и я угадывал, что они с ним говорят о чем-нибудь шутливом, почти детском, по крайней мере они всегда переглядывались и добродушно усмехались, когда, бывало, выслушают его ответ. Сам же он почти не смел с ними заговаривать: до того доходила его почтительность.

Трудно представить себе, как этот мальчик во все время своей каторги мог сохранить в себе такую мягкость сердца, образовать в себе такую строгую честность, такую задушевность, симпатичность, не загрубеть, не развратиться. Это, впрочем, была силь-

ная и стойкая натура, несмотря на всю видимую свою мягкость. Я хорошо узнал его впоследствии. Он был целомудрен, как чистая девочка, и чей-нибудь скверный, цинический, грязный или несправедливый, насильный поступок в остроге зажигал огонь негодования в его прекрасных глазах, которые делались оттого еще прекраснее. Но он избегал ссор и брани, хотя был вообще не из таких, которые бы дали себя обидеть безнаказанно, и умел за себя постоять. Но ссор он ни с кем не имел: его все любили и все ласкали.

Сначала со мной он был только вежлив. Мало-помалу я начал с ним разговаривать; в несколько месяцев он выучился прекрасно говорить по-русски, чего братья его не добились во все время своей каторги. Он мне показался чрезвычайно умным мальчиком, чрезвычайно скромным и деликатным и даже много уже рассуждавшим. Вообще скажу заранее: я считаю Алея далеко не обыкновенным существом и вспоминаю о встрече с ним как об одной из лучших встреч в моей жизни. Есть натуры до того прекрасные от природы, до того награжденные Богом, что даже одна мысль о том, что они могут когда-нибудь измениться к худшему, вам кажется невозможною. За них вы всегда спокойны. Я и теперь спокоен за Алея. Где-то он теперь?..

Раз, уже довольно долго после моего прибытия в острог, я лежал на нарах и думал о чем-то очень тяжелом. Алей, всегда работящий и трудолюбивый, в этот раз ничем не был занят, хотя еще было рано спать. Но у них в это время был свой мусульманский праздник, и они не работали. Он лежал, заложив руки за голову, и тоже о чем-то думал. Вдруг он спросил меня:– Что, тебе очень теперь тяжело?

Я оглядел его с любопытством, и мне показался странным этот быстрый прямой вопрос от Алея, всегда деликатного, всегда разборчивого, всегда умного сердцем: но, взглянув внимательнее, я увидел в его лице столько тоски, столько муки от воспоминаний, что тотчас же нашел, что ему самому было очень тяжело и именно в эту самую минуту. Я высказал ему мою догадку. Он вздохнул и грустно улыбнулся. Я любил его улыбку, всегда нежную и сердечную. Кроме того, улыбаясь, он выставлял два ряда жемчужных зубов, красоте которых могла бы позавидовать первая красавица в мире.

– Что, Алей, ты, верно, сейчас думал о том, как у вас в Дагестане празднуют этот праздник? Верно, там хорошо?– Да, – отвечал он с восторгом, и глаза его просияли. – А почему ты знаешь, что я думал об этом?– Еще бы не знать! Что, там лучше, чем здесь?– О! зачем ты это говоришь...– Должно быть, теперь какие цветы у вас, какой рай!..

– О-ох, и не говори лучше. – Он был в сильном волнении.– Послушай, Алей, у тебя была сестра?– Была, а что тебе?– Должно быть, она красавица, если на тебя похожа.– Что на меня! Она такая красавица, что по всему Дагестану нет лучше. Ах, какая красавица моя сестра! Ты не видал такую! У меня и мать красавица была.– А любила тебя мать?– Ах! Что ты говоришь! Она, верно, умерла теперь с горя по мне. Я любимый был у нее сын. Она меня больше сестры, больше всех любила... Она ко мне сегодня во сне приходила и надо мной плакала.

Он замолчал и в этот вечер уже больше не сказал ни слова. Но с этих пор он искал каждый раз говорить со мной, хотя сам из почтения, которое он неизвестно почему ко мне чувствовал, никогда не заговаривал первый. Зато очень был рад, когда я обращался к нему. Я расспрашивал его про Кавказ, про его прежнюю жизнь. Братья не мешали ему со мной разго-

варивать, и им даже это было приятно. Они тоже, видя, что я всё более и более люблю Алея, стали со мной гораздо ласковее.

Алей помогал мне в работе, услуживал мне чем мог в казармах, и видно было, что ему очень приятно было хоть чем-нибудь облегчить меня и угодить мне, и в этом старании угодить не было ни малейшего унижения или искания какой-нибудь выгоды, а теплое, дружеское чувство, которое он уже и не скрывал ко мне.

Между прочим, у него было много способностей механических: он выучился порядочно шить белье, тачал сапоги и, впоследствии, выучился сколько мог столярному делу. Братья хвалили его и гордились им.

– Послушай, Алей, – сказал я ему однажды, – отчего ты не выучишься читать и писать по-русски? Знаешь ли, как это может тебе пригодиться здесь, в Сибири, впоследствии?– Очень хочу. Да у кого выучиться?– Мало ли здесь грамотных? Да хочешь, я тебя выучу?– Ах, выучи, пожалуйста! – и он даже привстал на нарах и с мольбою сложил руки, смотря на меня.

Мы принялись с следующего же вечера. У меня был русский перевод Нового завета – книга, не запрещенная в остроге. Без азбуки, по одной этой книге, Алей в несколько недель выучился превосходно читать. Месяца через три он уже совершенно понимал книжный язык. Он учился с жаром, с увлечением.

Однажды мы прочли с ним всю Нагорную проповедь. Я заметил, что некоторые места в ней он проговаривал как будто с особенным чувством. Я спросил его, нравится ли ему то, что он прочел.

Он быстро взглянул, и краска выступила на его лице.– Ах, да! – отвечал он, – да, Иса святой пророк, Иса божий слова говорил. Как хорошо!– Что ж тебе больше всего нравится?– А где он говорит: прощай, люби, не обижай и врагов люби. Ах, как хорошо он говорит!

Он обернулся к братьям, которые прислушивались к нашему разговору, и с жаром начал им говорить что-то. Они долго и серьезно говорили между собою и утвердительно покачивали головами. Потом с важно-благосклонною, то есть чисто мусульманскою улыбкою (которую я так люблю и именно люблю важность этой улыбки), обратились ко мне и подтвердили, что Иса был божий пророк и что он делал великие чудеса; что он сделал из глины птицу, дунул на нее, и она полетела... и что это и у них в книгах написано. Говоря это, они вполне были уверены, что делают мне великое удовольствие, восхваляя Ису, а Алей был вполне счастлив, что братья его решились и захотели сделать мне это удовольствие.

Письмо у нас пошло тоже чрезвычайно успешно. Алей достал бумаги (и не позволил мне купить ее на мои деньги), перьев, чернил и в каких-нибудь два месяца выучился превосходно писать. Это даже поразило его братьев. Гордость и довольство их не имели пределов. Они не знали, чем возблагодарить меня. На работах, если нам случалось работать вместе, они наперерыв помогали мне и считали это себе за счастье. Я уже не говорю про Алея. Он любил меня, может быть, так же, как и братьев.

Никогда не забуду, как он выходил из острога. Он отвел меня за казарму и там бросился мне на шею и заплакал. Никогда прежде он не целовал меня и не плакал. «Ты для меня столько сделал, столько сделал, – говорил он, – что отец мой, мать мне бы столько не сделали: ты меня человеком сделал, Бог заплатит тебе, а я тебя никогда не забуду...»

Где-то, где-то теперь мой добрый, милый, милый Алей!..



*Георгий Кичигин. Алей и братья. 2009.*



*Георгий Кичигин. Ф. Достоевский. 2009.*



*Старая мечеть в Игали. Гумбетовский район.*

ИНДЕКС ПМ803

4 651116 280082

**Свободная цена**
**6 +**